Къеблагъэ, псори дызэжьэ 2020-нэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. и Илъэсыщ1э хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

2020 Илъэсыщ1эр къэблэгъащ. Мы дакъикъэхэм дэтхэнэри зоплъэкІыж, къэкІуэнум йогупсыс икІи, дауи, фыми щогугъ.

Шэч къытедмыхьажу жьгІэ хъунущ къызэдэкІ 2019 гъэр, сыт хуэдэ гугъуехьэр щымыІами, зэрыщыту къапщтэмэ, зэрыгъуэфІар. Къэбэрдей-Балъкъэрым жыдэжру иригъажьащ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэпкъ проектэр гъэзэщІэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр. Республикэм и социальнэ зыужьыныгъэмкІэ ягъуэва планхэр дэдгъэкІащ. А псори зэщІыгъуу едгъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуащ.

Си гуапэу фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ зи гуащІэкІэ республикэм и экономикэр зыгъэбыдэ, социальнэ Іэнатіэм зезыгъэужь, щІэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, лэжьыгъэ Іэнатіэм, жылагъуэ гъащІэм екъуІэныгъэхэр къыщызыхь псоми.

Гукъинэ хъунущ къызэдэкІ илъэсым екІуэкІа жылагъуэ-политикэ Іэхэущхэ кэзд, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэщ къэралым и Президент Путин Владимир Владимир и къуэр республикэм къызэрыкІуар. Апхэздэ гулъытэмрэ дэІэпыкъуныгъэмрэ дэхэхъу нэхъ быдзу ди фІэщ ящІащ дубзыхуэ Іэхэу псори къызэрыдзкъуІэнур.

Дэ ди плъапІэр хуэунэтІащ экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ щІэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным. Шэч къытесхьэркъым зыхуэдгъэувыжа Іэхэухэр дызэщІыгъуу зэрыдэдгъэкІынум. Абыкіэ шэсыпІэщ ди цІыхубэм я зэкъуэтыныгъэр, абыхэм яхэлъ егугъуныгъэмрэ ерыщыгъэмрэ.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Илъэсыщ1эр гуапагъэ къытхуэзыхь гуфІэгъуэ зохащ. ИкІи иджыпсту хэт дэнэ щымыІэми, ар къызэрыблагъэм теухуа гуфІэгъуэм, къэкІуэну зэманым фІы къызэрытхуихьнур ди фІэщ зэрыхъум, нэхъыфІ дыдэу тлъагъу цІыхухэм даэзрыбгъэдэдэсынумрэ ди Іыхьлыхэм насыпкІэ, ди адэ-анэхэм язынщагъэкІэ, ди сабийхэм екъуІэныгъэкІэ даэзрехъуэхъунум, Къэбэрдей-Балъкъэрым, дыщалъхуа хэкум ефІэкІуэныгъэрэ зыужьыныгъэрэ яІэну дызэрызэхъуэхъуэжынум дэ псори дызэкъуегъэувэ.

Си лъахэгъу лъапІэхэ, къуэнэху Илъэсыщ1эмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу. Узынщагъэ, ефІэкІуэныгъэ, екъуІэныгъэ фиІэну сыхуейщ.

Илъэсыщ1эм фи мурад нэхъ ин дыдэхэр къывэхъулІэну си гуапэщ.

МахуэшхуэмкІэ сынывохъуэхъу.

2020 Илъэсыщ1эмкІэ сынывохъуэхъу!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№156 (23.970) • 2019 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 31, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ирехъу нэхъыбэж ди зэфІэкІыр

Хабзэ хъуауэ, Илъэсыщ1эм ирихьэлІэу республикэм и псей нэхъыщхьэм ирагъэблагъэ еджэным екъуІэныгъэфІхэр щызыІэрызыгъэхьа ныбжьыщІэхэр. Абы иращІэкІ дауэдапщэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.

● Дыгъуасэ

ІУЭХУМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, КъБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ ІэхэухэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Куумыкъу Іэуес** сымэ, нэгъэщІхэри.

Республикэм и Унафэщ1ыр КъБР-м и щІыналъэ зэхуэмыдэжьым къикІа сабий зэчиифІэхэм ГъащІэм щаІэ мурадкэр къащсхьулІэну, еджэным и лъэныкъуэ закъуэ мыхъуу, атІэ я хъуреягъыр дахэ, зэпэщ хъуну, Хэкум и цІэр фІыкІэ ягъэІуу псэунхэу екъуэхъуащ.

Махуэшхуэм папщІэ ягъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэхэм къадэкІуэу еджакІуэхэм екъуэхъуащ хьэщІэхэри.

- ФІым я фІыжхэрщ нобэрей махуэр зыдэдгъэлъапІэр. Си ныбжьым емыльытауэ, Іуэху дахэ куэд щызэзнэкІри, екъулІэныгъэфІхэр зыІэрывгъэхьащ, абыкІэ республикэм щыпсэухэр дымыгушхуэу къанэркъым. Дызыхуэкіуэ 2020 гъэм балигъ гъащІэм лъэбакъуэ хэфчэнущи, фи зэфІэкІхэр нэхъыбэж хъуну, фи цІэхэр жыжьэ щыІуну сынывохъуэхъу. Илъэсыщ1эр ар гугъапІэм и махуэшхуэу къыдольытэ псоми, а дэ ди гугъэр зэлъытар фэращи, Тхьэм фыхущІигъэхьэ, - жиІащ Мусуков Алий.

КъыкІэлъыкІуэу цІыкІухэм екъуэхъуащ Егоровэ Татьянэ. «Зымащ1эщ зэнэжар екъулІэныгъэфІ куэд щызыІэрыдгъэхьа илъэсыр едгъэжьэжыным, зэхуэсым щІэс дэтхэнэми фи щІыбагъ дэлъщ фыщІэгушхуэн, фи щхьэр лъагэу щІэфІэтын Іуэху дахэхэр. Дызытехьэ Илъэсыщ1эми къыкІэлъыкІуэнухэми гъащІэм хувиІэ гукъыдэжыр багъуэу фыпсэуну, фыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри Урысей Федерацэри зэрыгушхуэн цІыху къыфхэкІыну сыфхуохъуахъуэ», - жиІащ абы.

Зэпеуэ зэхуэмыдэхэм къыщыхэжаныкІа, дамыгъэ лъагэхэр къэзыхьа еджакІуэхэри къыщыпсэльащ зэІущІэм. Ахэр пэщым щІэсхэм я зэфІэкІхэмкІэ ядэгугушари, къэблагъэ илъэсыщ1эмкІэ екъуэхъуащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБКъУ-м и «Амикс» уэрэджыІакІуэ ансамблым, «Каллисто» къэфакІуэ гупым. Зэлущ1ым и кІэухыу республикэм и Унафэщ1ым ящІыгъуу школакІуэхэм сурэт зэтрагъэхащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● ГуфІэгъуэ зэхуэсхэр

Къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэр

Илъэсыщ1эм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щигъэлъэпІащ цІыху 58-рэ. Къэрал дамыгъэхэр яхуигъэфэщащ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм, узынщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, спортым, щэнхабзэм, хабзэхъумэ, хьыбарегьащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм.

- ЩІЫНАЛЪЭМРЭ абы щыпсэухэмрэ гурэ псэкІэ фаззэрыхуэлажьэм къыпэкІуащ мы дамыгъэхэр, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КІуэкІуэ Казбек. - Дэ псори зы Іэхэущ дызыхущІэкъун хуейр - ди республикэр къызыхутыншэу щІыналъэ щІэращІэ тщІынырц. Ар къыдэхъулІэну къызолъытэ, дызэгурыІуэу Іэмалу диІэу хъуар къэдгъэсэбэлмэ. Нобэ къэрал дамыгъэхэр зэттхэр я Іуэхущ1афэкІэ, я Іэщ1агъэм зэрыхуэпэжьмкІэ жылагъуэм къахэщ ціыхухэрщ. Абыхэм яхэтщ республикэм и экономикэм зегъэужьыным махуэ къэс зи къару езыхьэлІэхэри. Зэрыфщ1эщи, а унэтІныгъэм куэд елъытащ, псом хуэмыдэу ціыхухэм я псэукІэр ефІэкІуэныр. Апхэздэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Іэнатіэм иужьрей илъэсхэм екъулІэныгъэфІхэр зэригъуэтар, абы къыщІигъэкІым кІуэ пэтми зэрыхэхъуэр. Ар, шэч хэмылъу, а фІыщІэр а Іуэхум хэтхэращ. Нобэ мыхьэнэшхуэ зиІэ инвестицэ Іуэхухэми долажь. Къищынэмыщ1ауэ, медицинэм и лэжьакІуэхэми фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт гумащІагъ яхэлъу сымаджэхэм я узыншагъэр зэрырагъэфІэкІуэжым папщІэ. Шэч хэмылъу, дэ адэкІи делэжьынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным. Лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэу, гъэсэныгъэм зи лжьыгъэр хуэзыІунэтІыр щэнхабзэм и лэжьакІуэхэращ. Гудзакъэ яІэу абыхэм зы щІэблэр адрейм пащІэу къоГуэгурыкІуэ. Нобэ къэрал дамыгъэхэр ди гуапэу яхудогъэфащэ къэхъуакъащІэ шынагъуэхэм деж, езыхэр я гъащІэми емыблэжу, япэу ціыхухэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуэхэм. Хабзэр хъумэным, цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ахэр махуэ хэсэ йолажь. Си фІэщ мэхъу дяпэкІи хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэр ди щІыналъэр мамыру щытыныкІэ я гуащІэ зэремыблэжынур. Дэтхэнэми фІыщІэ фхуэощ, жэуаплныгъэ фхэлъу фи Іэнатіэхэм фызэрыпэрытым папщІэ. Илъэсыщ1эмкІэ сынывохъуэхъу, узынщагъэ быдзэрэ екъулІэныгъэщІэхэмрэ фиІэну си гуапэщ.

Къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ «КъБР-м и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр зыфІащащ Балъкъыз Валерий, «КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ» цІэр ираташ Агъуз Мухьэмэд, «КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщ1» цІэ лъапІэр - Къанокъуэ Руслан.

Зэлущ1ым цІыху зыбжанэ къыщыпсэльащ КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ хуащІу, республикэр егъэфІэкІуэным епхаэу ирегъэкІуэкІ Іуэхуфі1эхэмрэ и мурадхэмрэ къехъулІэну екъуэхъуу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ:

Сытым щыгъуи дыныдвдоплъей

Илъэсыщ1эм и пэ къихуэу парламентаррэр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм яльэгуаз ікІи къэблагъэ гуфІэгъуэмкІэ йоІэхуэхъу.

А ХАБЗЭМ тету, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ Герасименкэ Нинэ Михаил и пхъум, апхуэдэу зэщхьэгъуэсхэу Юрковхэ Анатолий Григорий и къуэмрэ Александрэ Василий и пхъумрэ яхуеблэгъащ. Тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр яхуищІри, Парламентым и Іэтащхьэр ветеранхэм Илъэсыщ1эмкІэ екъуэхъуащ.

- Тегушхуауэ, хахуэу щытыныкІэ, хэкур фІыуэ льэгъуныкІэ дэ сытым щыгъуи фэ дыныдвоплъей. Зефхьа хахуагъэм папщІэ фІыщІэ ин фхузощ1. Къэрал щхьэхуитым дыщыпсэуныкІэ зэфІэкІ къыдэзытар фэращ. Абы къыхэкІыу дэ ди къалэнщ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм зэпымыууэ ди нэІэ ятедгъэтыну. Илъэсыщ1эм узынщагъэ быдэ, гуфІэгъуэ, насып, фІыгъуэ фиІэну, куэдрэ фытхузупсэну сынывохъуэхъу, - жиІащ спикерым.

Ветеранхэм апхуэдэ псалъэхэр гуапэ ящыхъуащ икІи КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и апхуэдэ гулъытэм папщІэ фІыщІэ къыхуащІащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ирепсэу Урысейр!

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, ди адыгэ лъэпкъым Илъэсыщ1эмкІэ дынывохъуэхъу!

АДЫГЭ (шэрджэс) лъэпкъыр дызэкъуэту, ди анэдэлъхубзэр дгъэбзэрабзэу, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекІуэкІ хабзэхэм дытету, ди нэхъыжьхэм пщІэ яхуэтщІу, къэкІуэнур зей щІалэгъуалэр дгъэгушхуэу, ди лъахэ тельыджэр, Урысейр мамыру, зэрытхузэфІэкІкІэ абы зедгъэужьу дыпсэуну, а лъапІэныгъэ псори къыддэхъулІэну, гъэр тхуэгуГурлыну дыныводхуэхъу!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд,
Адыгэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и унафэщІ
КЪАЛМЫКЪ Жылэбий.


Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЛІы хьэл зыхэлъ Бэрбэч Аскэр

● Хъыбар гуапэ

Урысей телевиденэм щекІуэкІ «Макъ» («Голос») зэхьэзэхуэм, уэрэджыІакІуэхэр щызэпеуэм, мы илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым икІуэу ныбжьыщІитІ хэтащ. Ар Нарткъалэ щыщ Мамрэш Светланэрэ Бахъсэн щыщ Бэрбэч Аскэррэт. Иужьрейр дыгъэгъазэм и 27-м екІуэкІа зэхьэзэхуэм пхыкІри, текІуэныгъэм папщІэ зэпеуэну цІыхуийм яз хъуащ. Аскэр игъэзэщІащ Энтони Марк и пхъум хуиуса «Уэ-бынщ» («My baby you») уэрэдэм цІэрыІуэр.

«ФІЫЩІЭ хузощ1 уэрэдыр урысыбзэкІэ зэзыдзэкІа си щиякІуэ Меладзе Константин, - жиІащ Аскэр, зэпеуэм и ужым зэрызыхуагъэзэ упщІэ зыбжанэм жэуап щритым. - ФІыуэ сщІэ бзэм и псалъэхэр сэри нэхъ куууэ зыхэсщІэри, абы уэрэдыр нэхъ гунэсу згъэзэщІэну Іэмал къызитащ».

Гум имыхужьнщ Меладзе Константин Аскэр къыхужиІа псалъэхэри: «Аскэр хуэдэ цІыху зэпІэзэрыт гъуэтыгъуейщ. Псом нэхърэ нэхъ лъапІэращи, лІы хьэл хэлъщ: щІэм тегушхуэну шынэркъым, къикІуэти ищІэркъым».

«Адыгэшым тесу финалым нэсащ», - хужаІэ мы махуэхэм лъэпкъым и гъэфІэн хъуа баХъсэн щІалэм. Щэбэт-тхьэмахуэм я зэхуаку жащым и мэкъымкІэ адыгэ дунейр зэлъэзыгъэІэса Аскэр и текІуэныгъэм щымыгуфІыкІа зэрыгъуэтыгъуейр гурыІуэгъуэт. УрысыбзэкІэ уэрэд жиІэу къэралым и утыкушхуэм зэритам фІэкІа Іуэхум хэмыльъами, хэтыт зи жагъуэ хъунур адыгэ щІалэ апхуэдэ Іиагаліэм зэрынэсар?! Ауэ зыми и пщІыхьэпІэ къыхэхуэртэкъым Бэрбэчхэ я щІалэм Урысейм и канал нэхъыщхьэм адыгэбзэ щиГъэІуныи, ар апхуэдэу кууэ зыхэтщІэнуи.

Макъамэтх Хьэлупэ Анзор и инстаграм каналым щыгъуазэ дызэрыщищІымкІэ, Аскэр игъэзэщІэну къыльыса «Шы» уэрэдым (псалъэхэр зейр Шаганоов Александрщ) щыщ ядзыгъуэр зэман кІэщІым хуэзэрадзэкІащ зыми егъэщІыхужьин хуэмей, пщІэ зыхуэтщІхэу ХьэІупэ Джэбрэіил, Нэхущ Чэрим, Нэхущ Тимур сымэ.

Адыгэшым нобэ сошэс,
Уэ уемыщу сэ сынэхьэс.
КІэ зимыІэм сыхь,
гугъуи сумыгъэхь,
А си губгъуэ кІэнщэм зэуэ
сынэхьэс.

Адыгэшым тетІысхьа щІегъуэжакъым. Дызытехьэ илъэсым и ялэ махуэм сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 30-м Аскэр а зэпеуэм аргуэру утыку къыщихьэнущи, дунейм адыгэу тетыр абы и текІуэныгъэм гурэ псэкІэ зэрыщІэбэнынум шэч хэлъкъым. Ди лъахэгъуэм а зэпеуэм ялэ увыпІэр къызэрыщихьам теухуа хъыбар зэІэпытхыну Тхьэм жиІэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

ЦІыхухэр сакъыну къыхураджэ

Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и Оперативнэ штабу КъБР-м щыІэм Илъэсыщ1э махуэшхуэхэм екъэлІа нэгуэныжь Іуэхухэр къыззэпэщыным и пэ къихуэу республикэм щыпсэухэм ягу къегъэкІыж гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щекІуэкІкІэ цІыху куэд щызэхуэс щыпІэхэм щысакъын, террорым пэщІэтыным теухуауэ щыІэ мардэхэм тетын зэрыгуфІэр:

- фи автотранспортыр абы хуэхэа щыпІэхэм деж щывгъэув;

- къуэзрымыкІуэ щытыкІэхэр къззыгъэхъункІэ, цІыхухэм шынагъуэ къатезыгъэхьэнкІэ хъуну Іуэхухэр фымылэжь;

- балигъ мыхъуа сабийхэр я закъуэу къэвмыгъанэ;

- шэч уэзыгъэщІ хьэпшыпхэм, апхуэдэу зыри кІэльымыплъу зэман кІыхькІэ зы щІыпІэм деж щыт автотранспортым гу лъыфтэмэ, ахэр къыффІэмыІуэхуу фыблэмыкІ. Апхуэдэ зыгуэрым фрихьэпІэмэ, абыкІэ икІэщІыпІэкІэ хъьбар евгъащІэ хабзэхъумэхэм е къыззрымыкІуэ щытыкІэхэм кІэлъыплъ Іуэхущ1апІэхэм;

- хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, апхуэдэуи цІыху куэд зыхэт зэхуэсхэр щекІуэкІым деж щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным зи лэжьыгъэр пыщІа нэгуэущ къылыкъущІэхэм хабзэкІэ къыфхуагъэзэхэр вгъэзащІэ;

- ЦІыху куэд щызэхуэса щыпІэм дэпхэ хъунукъым къэлыдынкІэ, къэзнэкІэ, щхъухь зыхэлъ, мэ гуащІэ къызыкІэрих веществохэр, пиротехникэ Іэмэпсымэхэр, къыпхуэнкІэ, узыІэнкІэ щынагъуэ хьэпшыпхэр, апхуэдэуи зэкІуэцІыпышхуэхэр, сумкэшхуэхэр;

Пщ1э зыхуэтщІ адэ-анэхэ! ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэм щыхэфщэкІэ, фи сабийхэм ягурыбгъаІуэ уэрамым, пщІантІэм, унэ щІыхьэпІэхэм деж къыщагъуэта дэтхэнэ зы хьэпшыпми уеІуэсныр щынагъуэншэу щымытынкІэ зэрыхъунур.

Зыщ1ымвигъэгъупщэ! Фи набдзэгубдапльагъэмрэ хабзэхъумэхэм фадэІэпыкъуну фызэрыхъэзырымрэ щІэпэхъаджагъэ хьэпъэ къэмыхъуным хуэщІхьэпэныр зыхуэІуа щыІэкъым!

«Линэ пщІырым» и телефонхэр:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым: 48-15-48;

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

КъБР-м щыІэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть); 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

УФ-м СледствиемкІэ и комитетым СледствиемкІэ и управленэу КъБР-м щыІэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - 39-99-99 (плъыр часть).

Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и Оперативнэ штабу КъБР-м щыІэ.

● Гулъытэ

УнэщIэхэм щIотIысхьэж

Дыгъэгъазэм и 28-м КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алийрэ абы и къуэдзэ Хъубий Маратрэ лэжьыгъэ Iуэхук Iэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIащ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ район администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Русланрэ хьэщIэхэмрэ къызэIуахахащ кхъахэ хъуа унэхэм щIэса унагъуэхэм папщIэ унэщIэ зыбжанэрэ зы фельдшер-акушер IуэхущIапIэрэ.

ХьэщIэхэр япэу Малкэ еблэгъащ. Ашэбей жылэм унагъуэ тIурытI зыщIэхуэ унитIым я бжэхэр къыщызэIуахахащ. Зыхуей псомкIи къызэгъэпэща унэ зэпэплIимэхэм щIыхьэпIэ тIурытI яIэщ, абыхэм цIыху 25-рэ Iэпхъуэжащ. ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Джатэ Руслан жиIащ зэи апхуэдэ псэукIэ тынш зымылъэгъуа унагъуиплIым къэралым и фIыгъэкIэ зэрыдэIэпыкъуфар.

Мусуков Алий ехъуэхъуащ жылэдэсхэм икIи жиIащ цIыхум папщIэ нэхъыщхьэ дыдэр щхьэегъэзыпIэ уиIэныр зэрыарар, Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу унэщIэм цIыхухэр зэрыIэпхъуэр зэригуапэр. Малкэ и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ НафIэдзокъуэ Хъусен къулыкъущIэхэм фIыщIэ яхуищIащ, унэщIэм Iэпхъуэжхэм къабгъэдэкIыу псалъэ гуапэкIэ хьэщIэхэм захуигъэзащ ЦIыпIынэ Анетэ. Малкэ дэт ещанэ курыт школым и унафэщI Къущхьэ Валерэ жиIащ нэхъапэхэм мыпхуэдэ коттеджхэр ятауэ зэримыщIэжыр, ар КъБР-м и Правительствэмрэ щIыналъэ администрацэмрэ я лэжьыгъэ зэгъэпэщам къызэрыпэкIуар. Апхуэдэуи дыщIигъуащ унэщIэхэм Iэпхъуэж унагъуэ хуэмыщIахэм я бынхэр «плIырэ» «тхукIэ» еджэхэм зэращыщыр. Мусуков Алий унэ IункIыбзэIуххэмрэ дэфтэрхэмрэ яритыжащ ар зыхуащIахэм.

АдэкIэ къулыкъущIэхэр щыIащ Совхозное жылэм. Абы фэтэр 19-у зэхэт унэ зэтет щаухуащ икIи, щыпсэунухэм ехъуэхъури, IункIыбзэIуххэр иратыжащ. Унэ зэтетым и кIуэцIыр зыхуей хуагъэзэж къудейуэ аращ. Джатэм зэрыжиIамкIэ, щIышылэм и 13-м ирихьэлIэу цIыху 53-рэ Iэпхъуэжынущ. ЯтIэкъуэ унагъуищ щыпсэун коттедж екIу щаухуащ. КъБР-м и Правительствэм икIахэмрэ район Iэтащхьэмрэ къызэпаплъыхьащ пэш щырыщу зэхэт псэупIэхэр, абыхэм псыр щIэтщ, хуабэр автономнэщ, унэлъащIэхэмкIэ узэдащ, цIыхухэр нобэ-пщэдей Iэпхъуэнущ. Псори зэхэту цIыху 21-рэ щыпсэунущ. Унэм щыпсэунухэм IункIыбзэIуххэмрэ дэфтэрхэмрэ яритыжащ Мусуков Алий.

Псынэдахэ къуажэм а махуэм къыщызэIуахащ метр зэбгъузэнатIэу 122-м щIигъу хъу фельдшер-акушер IуэхущIапIэ. Абы хэтщ терапевтым, сабий, дзэ дохутырхэм, гинекологым я пэшхэр, лабораторнэ, процедурнэ пэшхэр, нэгъуэщIхэри. Федеральнэ, республикэ мылъкуу ФАП-м сом мелуани 4,3-рэ трагъэкIуэдащ. Мусуков Алийрэ Джатэ Русланрэ данлъэч плъыжьыр зэпаупщIри, IуэхущIапIэр къызэпаплъыхьащ икIи жылэдэсхэм ехъуэхъуащ сымаджэщым щIэкIуэн гуныкъуэгъуэ ямыIэу псэунхэу.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Кофман Дмитрийрэ Сэралъп Самарэрэ.

● КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зратахэр

Адыгэ лъэпкъыр къезыгъэцIыхуа тележурналистхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуазджэмкIэ и къэрал саугъэтыр хуагъэфэщащ «1 КъБР» телевизионнэ каналым игъэхьэзыра «Адыго-черкесы на службе в Российском государстве» теленэтын проектым.

АБЫ ХОХЬЭ дэфтэрхэр и лъабжьэу траха фильм 13: «Черкасские в истории России» (сериеу 8 мэхъу), «Навеки с Россией» (сериеу 2), «Черкасские в судьбе России», «Реформатор. Владимир Черкасский», «Дмитрий Мамстрюкович». Фильмхэм лъабжьэ яхуэхъуар Урысейм кIуа нэужь Черкасскэ унэцIэр зыфIаща адыгэ пщы лъэпкъым и къекIуэкIыкIарщ.

Проектыр зи жэрдэмыр «1 КъБР» телевизионэ каналым и унафэщIым и къуэдзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Токъмакъ Светланэщ. Тележурналистхэр зи ужь ихьа Iуэхур тынштэкъым: абы зэманышхуи гуащIэшхуи халъхьащ. Лэжьыгъэр 2003 гъэм къыщIадзащ. Фильмхэм я режиссёр, ар гъэхьэзырыным жыджэру хэта, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Сэралъп Самарэ зэрыжиIэмкIэ, Урысейм и музей, архив нэхъыщхьэхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, зыхуеину дэфтэрхэр гъэхьэзырыным илъэс текIуэдащ.

- Дызыхуеину дэфтэрхэр къызэрыхэтхар дауэ жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, Москва щылажьэ тхыдэджхэм а лъэхъэнэм теухуауэ ятхыжахэр щIэтпщытыкIри, къытхуэщхьэпэну тхыгъэр къэтхутащ, - жиIащ Сэралъп Самарэ. - Телевизионнэ Iуэху и лъэныкъуэкIэ илъэс 500-кIэ зыри зэмыIуса лэжьыгъэм ухыхьэныр тынштэкъым. Ауэ лъэпкъым и тхыдэм щыщу, нэхъапэкIэ зи гугъу и ямыщIауэ зэрыщытым къыхэкIыу, дытегушхуащ. Проектым хэта псори абы делэжьащ тфIэгъэщIэгъуэну. Фильмыр дгъэхьэзырыху, дымыщIэ куэдым щыгъуазэ дыхъуащ, уеблэмэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэт хъуауэ къызолъытэ.

Черкасскэ лъэпкъым Урысей къэралыгъуэр зэфIэувэным, абы зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Зыхыхьам къызыхэкIа лъэпкъыр зыхуэдэр кърагъэщIащ, апхуэдэ щIыкIэкIи урысей тхыдэм дыхашащ. Сыт абыхэм я лъэпкъым, я щIыналъэм хуащIар, жызыIэни щыIэщ. Тхыдэтххэм зэрыжаIэмкIэ, Урысей утыкум ахэр итыхукIэ я лъабжьэр къыщежьэ щIыналъэр нэхъ мамыру щытащ. Уи блэкIам теухуауэ нэхъыбэ пщIэхукIэ, узыхэт гъащIэм, къэкIуэнум нэгъуэщI зыгуэру урегъэплъ. Лъэпкъым и цIыху щэджащэхэр, абы и тхыдэр къэзыгъэщIахэр щIэблэм яцIыхунымкIэ фильмыр икъукIэ щхьэпэщ.

Фильмым елэжьахэм этнощэнхабзэмрэ документальнэ киномрэ зрагъэужьыным теухуауэ зэфIагъэкIам папщIэ саугъэт лъапIэр хуагъэфэщащ. Ахэр «1 КъБР» телевизионнэ каналым и унафэщIым и къуэдзэ Токъмакъ Светланэ, режиссёр Сэралъп Самарэ, операторхэу Тхьэгъэзит Руслан, Щоджэн Евгений, Кофман Дмитрий, ХьэцIыкIу Мартин сымэщ. А пщIэшхуэр и щыхьэтщ я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм, езыхэми зэфIэкI зэрабгъэдэлъым.

Мы IуэхуфIыр зыхузэфIэкIахэм дохъуэхъу адэкIи ехъулIэныгъэ яIэну, лъэпкъым хуэщхьэпэн лэжьыгъэ куэдкIэ телевизореплъхэр ягъэгуфIэну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр

И ныбжьыр илъэс 74-нэм иту 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м дунейм ехыжащ егъэджэныгъэм и лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр.

Мэлбахъуэ Борис 1946 гъэм щIышылэм и 21-м Тэрч къалэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэм иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэри, 1968 гъэм ар къиухащ.

Абы тхыдэмкIэ егъэджакIуэу Красноармейскэ къуажэм лэжьэн щыщIидзащ. Налшык къалэм Iэпхъуа нэужь курыт школ №14-м и унафэщIу ягъэуври, илъэсихкIэ абы щылэжьащ. ИужькIэ Налшык къалэм дэт курыт еджапэ №20-м и унафэщIу илъэсищкIэ щытащ.

Мэлбахъуэ Борис илъэс щэщIым щIигъукIэ и Iэтащхьэу щытащ Налшык къалэ округым и «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт кIэзонэ IуэхущIапIэм. Абы и унафэм щIэту лицейр мызэ-мытIэу зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм пашэ щыхъуащ, «Къэралым и еджапIэ нэхъыфI» урысейпсо конкурсым щытекIуащ икIи УФ-м и школ нэхъыфI дыдэхэм яхыхьащ. А зэманым егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми зэфIэкI инхэр къыщагъэлъэгъуащ къалэм, республикэм, къэралым щрагъэкIуэкIа зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Мэлбахъуэ Б. Къ. щIэныгъэ къэхутэныгъэшхуэхэри иригъэкIуэкIащ, абы и диссертацэр 1999 гъэм пхигъэкIри, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор цIэр къыфIащащ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IэнатIэхэм Мэлбахъуэ Борис щызэфIигъэкIахэм пщIэшхуэ къыхуащIащ. Абы «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щIыхь тхылъхэр кърататащ, «Урысей Федерацэм и цIыхубэ егъэджакIуэ», «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «СССР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

Мэлбахъуэ Б. Къ. и гъащIэр IэщIагъэм хуэпэжу, лэжьыгъэм хуэерыщу щытынымкIэ щапхъэщ. Абы гъащIэ дахэ кърихьэкIащ икIи сытым дежи гражданжыджэрагъ хэлъу щытащ. Ар гуапагъэ зыхэлъ, зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI икIи гъащIэр фIыуэ зылъагъу цIыхут.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэж, цIыху гъуэзэджэ, хэкупсэ нэс Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Мэкъуауэ Т. Э., Къуэдзокъуэ М. М., Амщыкъуэ Ф. Къ., Ахъуэхъу Т. Б., Быкъыш Р. Хь., Берд Хь. А., Быф А. Ж., Бозий Н. М., Геляхов А. С., Геккиев З. Д., Говоров С. А., Губин Г. С., Дадэ М. А., Дзэмыхь Къ. ФI., Емуз Н. Гъу., Жанатаев С. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Иуан П. М., Къанокъуэ А. Б., Къардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., КIэрэф М. А., КIуэкIуэ Ю. А., Къумыкъу I. М., Къуныжь М. А., Марьяш И. Е., Нэхущ З. А., Опрышкэ О. Л., Пэнагуэ М. А., Сэхъу В. Къ., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. КI., Ульбашев М. М., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б., Хъубий М. Б., Щхьэгуэш А. Л.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 31, *гъубж*

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Балъкъэр Борис** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, АР-м и цIыхубэ дохутыр **Хьэгъундокъуэ Нурбий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Владимир** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Жылокъуэ Мухьэмэдин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щыта **Бацэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 1, *бэрэжьей*

♦УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Куэтэншы ТIалэ** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щыщ къэрал къулыкъущIэ, СССР-м и лIыкIуэу Монголием щыIа **Гъуэщокъуэ Шэрэмбий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м юстицэмкIэ и министру, ДАХ-м и япэ президенту щыта **Къалмыкъ Юрий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, генерал-лейтенант **Щоджэн Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист **БжэныкIэ Мухьэб** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Журналист, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зрата **Тэнащ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Истамбыл щыпсэу хеттолог, ЩIДАА-м и академик **Чурей Алий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 2, *махуэку*

♦ТхакIуэ, журналист, Адыгейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэщын Хьэзрэт** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, кинорежиссёр, тхакIуэ **Вэрокъуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къалмыкъ Жылэбий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ Iэзэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, ИР-м щIыхь зиIэ я артист **Лосэн Тимур** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 3, *мэрем*

♦УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Къардэн Мухьэб** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **ХьэцIыкIу Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Урысейм и цIыхубэ артисткэ **Гъэсашэ Наталье** къыщалъхуа махуэщ.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Елей Валерий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Битокъу Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 4, *щэбэт*

♦**1943 гъэм** Налшык къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Iэрэмысэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, XXVII Олимп Джэгухэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я чемпион **Къардэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 5, *тхьэмахуэ*

♦КъШР-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **Шумахуэ ХьэзрэIил** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, РАН-м, ЩIДАА-м я академик, АР-м, КъШР-м, КъБР-м, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Щоджэн Iэсхьэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 6, *блыщхьэ*

♦ТхакIуэ, журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Даур Жэхьфэр** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Къагъырмэс Борис** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 7, *гъубж*

♦**Хьисэ Бегъымбарыр къыщалъхуа махуэщ**

♦Дирижёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Щэбэтыкъуэ Натбий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Истамбыл дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Озмен (Хеймащэ) Орхъан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, хьэрычэтыщIэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Быф Анатолий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 8, *бэрэжьей*

♦Политик, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэта **Къэжэр Альберт** къызэралъхурэ илъэс 55-рэ ирокъу.

ЩIышылэм и 9, *махуэку*

♦**1951 гъэм** Нью-Йорк (США) къыщызэIуахащ ООН-м и хэщIапIэр.

♦УсакIуэ, IуэрыIуатэдж **Джэдгъэф Хъусен** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Санэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хьэжыкъарэ Алик** къызэралъхурэ илъэс 64-рэ ирокъу.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.

● ТхылъыщIэ

Я фIыщIэр ягъэкIуэдыркъым

«Войны орденоносцы» - апхуэдэ фIэщыгъэ иIэу дунейм къытехьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ветеранхэу Шипилов Валерийрэ Шоджэм Залымджэрийрэ, Налшык къалэм Хабзэхъумэ органхэм, къэрал кIуэцIыдзэхэм я ветеранхэм я Советым и унафэщI Ефэнды Феликс ящIыгъуу, къыдагъэкIа тхылъыщIэр.

НАПЭКIУЭЦI 260-м итщ я псэ емыблэжу фашизмэм пэщIэта милицэм и лэжьакIуэхэм зэрахьа лIыгъэм папщIэ Хэку зауэшхуэм и орденыр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, ЩIыхь орденыр зыхуагъэфэщахэм ятеухуа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. ЦIыху 84-м къыхуагъэфэщащ ордени 131-рэ, «За отвагу» медалу 34-рэ, «За боевые заслуги» медалу 21-рэ.

Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и архив нэхъыщхьэм къыхахащ Хэку зауэшхуэм и зэманым апхуэдэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэмкIэ ягъэпэжахэм зэрахьа лIыгъэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр. Ахэр тхылъым щызэхуэхьэсащ. Апхуэдэ дыдэу абы къыщыгъэлъэгъуащ хабзэхъумэхэм зауэ нэужь лъэхъэнэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэшхуэри.

Зи гугъу тщIы тхылъым пещэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум хуэфащэу IущIэным теухуауэ ветеранхэм я Налшык къалэ Советым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Шэч хэлъкъым ар полицэм хыхьагъащIэхэмрэ еджакIуэ щIалэгъуалэмрэ лIыхъужьыгъэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэнымкIэ щIэгъэкъуэн зэрыхъунум. Тхылъыр къыдагъэкIащ, Налшык къалэм Хабзэхъумэ органхэм, къэрал кIуэцIыдзэхэм я ветеранхэм я Советыр мылъкукIэ къадэIэпыкъури.

Зыгъэхьэзырар **ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.**

● Лъэпкъ Iуэхухэр

Гугъу удехьынукъым

Зи хэку къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэр ди щIыпIэм щекIуэкI гъащIэм нэхъ тыншу хэсыхьыжын папщIэ Iуэхугъуэ куэд драгъэкIуэкI КъБР-м щыIэ къэрал IуэхущIапIэ куэдми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми. Апхуэдэ Iуэху щхьэпэ щокIуэкI мы зэманым ди республикэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ.

СИРИЕМ къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъэдж курсхэр мазитIым нэблэгъауэ щокIуэкI щIыпIэ зыбжанэм: Налшык, ДАХ-м и хэщIапIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №3-м. Курсхэм къокIуалIэ цIыху 60-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 16-м къыщыщIэдзауэ 73-м нос.

Курсхэр щекIуэкIыр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэщ, сыту жыпIэмэ бзэхэр зэзыгъащIэхэр хэт лэжьыгъэ пэрытщ, хэти еджапIэм щIэсщ. Къапщтэмэ, адыгэбзэр нэхъыфIу ящIэ, урысыбзэм нэхърэ. Дауи, абы гъэщIэгъуэн хэлъкъым - адыгэбзэр я анэдэлъхубзэщ. ЕгъэджакIуэхэми, Табыщ Динарэрэ Ащхъуэт Фаридэрэ, нэхъыбэу тегъэщIапIэ ящIыр грамматикэращ.

Урысыбзэр зыджхэми абыкIэ я щIэныгъэр зэхуэдэкъым, зыгуэрхэр зрагъэщIащ, сыту жыпIэмэ хэт илъэс зыбжанэ хъуауэ хэкум щопсэури, хэти къызэригъэзэжрэ куэд щIакъым. Апхуэдэу, гупитIу ягуэшауэ егъэджакIуэхэр программэ зырызкIэ ядолажьэ. Мыбдежми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ Iуэхум хуиIэу ядэлэжьэн хуейщ, армыхъумэ, зэман кIэщIым къриубыдэу алыфбейм деж къыщыщIэбдзэу лексикэри, грамматикэри зрагъэщIэныр тыншкъым. Мыбдежым дэIэпыкъуэгъуфI мэхъу интернетри. ЕгъэджакIуэм дерсым щабгъэдилъхьэр щIагъэбыдэжыну Iэмал къарет интернетым и Iэмалхэм.

- Бзэхэр бджыну уигу иплъхьамэ, гугъуехь хэлъкъым, - жеIэ Бэлагъы Сумае, - программэ узэреджэр екIуу зэхэлъхьамэ, егъэджакIуэм къыуитыр зэбгъащIэрэ уэри умыщхьэхыу ткIийуэ яужь уитмэ. Сумае и сабийхэр цIыкIущ: нэхъыжьитIыр школакIуэщ, нэхъыщIэр сабий садым макIуэ. Езымрэ и щхьэгъусэ Тамбийрэ школым кIуэ я бынхэм ящIыгъуу бзэр зрагъащIэ, иджы Хасэм Iэмал къаритари къагъэсэбэпу бзэхэмкIэ я щIэныгъэм хагъэхъуэну курсхэм къокIуалIэ икIи ар нэхъыфI дыдэу къызэхъулIэхэм ящыщщ.

Къапщтэмэ, курсхэм зэрыщIидзэрэ мазэ етIуанэм нэсауэ аращи, бзитIымкIи зэдоуэршэрыф, матхэ, къоджэ, усэ, хъуэхъу хуэдэхэр гукIэ зрагъащIэ. Урысыбзэми апхуэдэ дыдэу полъэщ, дихьэхыу щоджэ.

Сирием къикIыжахэрщ мы курсхэм кърихьэлIэхэр. Абыхэм Налшык щыпсэуи яхэтщ, ауэ нэхъыбэр къуажэ жыжьэхэм къокI. Сэ мыбыхэм урысыбзэ язогъэджри, ди лъэпкъэгъухэр жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу зэрылажьэр солъагъу. Апхуэдэу, гу лъумытэу къанэркъым сыт хуэдэ ныбжьым итри гугъуехьым щымышынэу, гукъыдэжыр я куэду зэрыпсэум. Абыхэм я гугъэхэр здэгъэзар хэкуращ: я лъэр быдэу щыувын, я щIэблэр хэкум щыщ хъужын. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и проектхэр куэдкIэ щIэгъэкъуэн яхуохъу ди хэкуэгъухэм, ищхьэкIэ зи гугъу щысщIа курсхэри абыхэм ящыщ зыщ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Махуэгъэпс

Лейуэ зыри къытехьакъым

КъэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ (биологие зэмылIэужьыгъуагъэм) я къэрал зэхуаку махуэр ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкIэ дыгъэгъазэм и 29-м ирырагъэхьэлIащ. ИкIи ар 1994 гъэ лъандэрэ дуней псом щагъэлъапIэ.

ЗИ ЛЭЖЬЫГЪЭМ хуэIэижь эколог цIэрыIуэхэм къызэрабжамкIэ, щIыуэпсыр зыхуэкIуа щытыкIэм Iэмал гуэр икIэщIыпIэкIэ къыхуэдмыгупсысмэ, къэкIыгъэрэ псэущхьэу къызэтенам ящыщу лIэужьыгъуэ мин 11-м нэблагъэ зэман гъунэгъум къриубыдэу дунейм зэрытекIуэдыкIыжынум щыхьэт дытехъуэн хуей хъуну къыщIэкIынущ.

Мурадыр хуэгъэзащ, нэхъ цIыкIу дыдэхэм я деж къыщегъэжьауэ цIыхухэм я деж щиухыжу, псэ зыIут псоми гъащIэ яIэну зэрахуэфащэм иджыри зэ дегупсысыным.

Хэт и дежкIи щэхукъым ЩIы Хъурейм и щIыпIэ куэдым щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр щысхьыншэу зэрыщагъэкIуэщIыр, мэзхэр зэрыщраупщIыкIыр, алъандэрэ цIыхуIэ зылъэмыIэсауэ щыта щIыпIэ дэгухэм ухуэныгъэщIэхэр зэрыщаухуэр икIи а Iуэхугъуэхэм я зэранкIэ, дызытепсэукI щIыгум и теплъэм къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу зэрызихъуэжыр. Дыкъэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэр зэрауфIейр, дунейм и щытыкIэм псынщIэу зэрызихъуэжыр, пшахъуэщIхэм зэрызаубгъур, нэгъуэщIхэри зи гугъу тщIы щхьэусыгъуэхэм ящыщщ.

ДыкъезыхьэкI щIыгум къытехъуакъым лейуэ къэплъытэ хъуну къэкIыгъи псэущхьи. Абы къыхэкIыуи, дэ псоми ди къалэнщ ЩIы Хъурейм къыдита хъугъуэфIыгъуэ псоми дыхуэсакъыну, ахэр къызэрызэтедгъэнэным и мызакъуэу, гъэбэгъуэным, къэгъэщIэрэщIэжыным дыхущIэкъуну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист нэхъыфI Щоджэн Борис

● УпщIэ - жэуап

Спортым тетхыхь журналистхэм я деж ИлъэсыщIэм и пэ къихуэу «Советская молодёжь» газетым щIэупщIэныгъэхэр щрегъэкIуэкI, гъэ къызэднэкIым и футболист нэхъыфIыр игъэбелджылын папщIэ.

ИЛЪЭС тIощIрэ етхуанэ хъуауэ зэкIэлъхьэужьу ирагъэкIуэкI щIэупщIэныгъэм хэтахэм къызыхахын я куэдт. Фигу къэдгъэкIыжынщи, журналистхэм футболиститхум я цIэр кърагъэн хуейт икIи япэ ирагъэщым баллитху, етIуанэм - баллиплI, ещанэм - баллищ, апхуэдэу къехыурэ трагуашэ.

ЩIэупщIэныгъэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболист нэхъыфI 2019 гъэм хъуащ гъуащхьэтет **Щоджэн Борис**. Абы балл 23-рэ къихьащ. Борис и цIэр кърaIуащ зэупщIа псоми икIи япэ ирагъэщащ журналиститIым, апхуэдиз дыдэм етIуанэу жаIащ, зырызым ещанэрэ еплIанэу ягъэуващ.

Гъэ блэкIам кърикIуахэм япкъ иткIэ етIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ нэхъыфI **Бацэ Къантемыррэ** гъуащхьэхъумэныкъуэ **Хьэшыр Аланрэ**.

ЕплIанэ увыпIэр хуагъэфэщащ илъэс пщыкIуий фIэкIа зи ныбжьыр мыхъуа гъуащхьэхъумэ щIалэщIэ **Сындыку Темыркъан**. Абы къыкIэлъокIуэ етхуанэ увыпIэр зэдэзыгуэшахэу **Iэпщацэ Маратрэ Белоусов Никитэрэ**.

Иджыри футболиститхум я цIэ журналистхэм кърaIуащ. Ахэр гъуащхьэхъумэныкъуэхэу **КIэдыкIуей Хьэким**, **Дэхъу Ислъам**, **Салахетдинов Инсар**, гъуащхьауэ **Ашу Мурад** сымэщ.

ЩIэуэ къыхыхьахэм япэ ирагъэщащ гъуащхьэхъумэ **Сындыку Темыркъан**. Журналистихым ящыщу плIым ар нэхъыфIу къалъытащ.

«Спартак-Налшыкым» 2018 гъэм нэхъ къехъулIа зэIущIэу къалъытащ Владикавказ и «Алания»-р 4:2-уэ и стадионым щыхигъэщIар. НэхъыкIар ардыдэр 0:8-уэ Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэм щыIэу къэзэрыщытекIуэжарщ.

Гъэ блэкIам и топ нэхъ дахэр дэзыгъэкIар журналистхэм яхуэубзыхуакъым. Бацэмрэ Ашумрэ я цIэр тIурытIэ кърaIуа щхьэкIэ, ягу ирихьар командэ зэмылIэужьыгъуэхэм худагъэкIахэращ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ИлъэсыщIэмкIэ сынывохъуэхъу!

Адыгэ лъэпкъым и Нэхъыжьхэм я советым къыбгъэдэкIыу ИлъэсыщIэ дызытехьэмкIэ сохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм.

РЕСПУБЛИКЭМ лъэпкъ куэд исщи, ди гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри зэдэдгуэшу, дызэкъуэту дыщэдэпсэумэ, ди насыпщ. Аращ дефIэкIуэным и хэкIыпIэу щыIэри.

Нэхъыжьхэм къытщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ къахуэдгъэнэн хуейщ ди анэдэлъхубзэр, хэкур, лъэпкъыр фIыуэ ялъагъуну, ди лъэпкъ фащэр зэрахьэну.

Илъэсыщ Iэм дэтхэнэри фIыкIэ щогугъри, фи мурад, гурылъ дахэхэр къывэхъулIэну, фыузыншэну, гъащIэм и IэфI зыхэфщIэну сынывохъуэхъу!

ДЖАЗЭ Хъусен,
Адыгэ лъэпкъым и Нэхъыжьхэм я совету КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Ерчэн Джамбулэт Хъусен и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Ерчэн (Мысостышхуэ) Назыч Хьэдис и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Гъукlэпщокъуэ Іэсият и дерсхэр

● Дифl догъэлъапlэ

**Егъэджакlуэ Іэщlагъэр къыхэзыхэм гъащlэмрэ lъэпкъым къыщlэхъуэ щlэблэмрэ хуаlэ щыткlэр нэгъуэщlщ. Псом хуэдэжкъым абы и лъэныкъуэкlэ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ сабийхэм егъэджыным зи гъащlэр тезыхуахэр. Ахэр ироплейтей анэдэлъхубзэм жылагъуэм щlиlэ пщlэмрэ гулъытэмрэ. Абы къыхэкlыу я къару псори ирахьэлlэ лъэпкъыбзэр шэрыуэу зыlурылъ, ар фlыуэ зылъагъу икlи зылъытэ щlэблэ адэжь щыналъэм къитэджыкlыныdisplaystyle. Апхуэдэуи а егъэджакlуэхэм гулъытэ ин хуащl ныбжьыщlэхэр лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ тету, хэкупсэу гъэсэныdisplaystyle. Зи гугъу тщlы гурыщlэхэмрэ гурылъхэмрэ зи гъэзэ щlыхь псэ къабзэхэм ящыщщ Гъукlэпщокъуэdisplaystyle (Семэн) Іэсият Къанщобий и пхъур. Абы адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрегъэдж Аруан щlыналъэм хыхьэ Джэрмэншык къуажэм дзт курыт школым.

СЕМЭНХЭ Къанщобий ХьэIишэтрэ (ар Псыгуэнсу дэс Мыхэ япхуэт) эздагъуэта бынилIым я ещанэт Іэсият. Жылэм дэт курыт школыр фIы дыдэу къэзыуха пщащэ цIыкIум еджэным щыпищащ Бэрбэч Хьэтлутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и урысбзэадыгэбзэ къудамэм. Абы, 1978 гъэм еджэныр екъулIэныгъэкlэ зэфIихри, егъэджакlуэу лэжьэн щыщlидзащ курыт школым. ФIыуэ илъагъу Іэщlагъэм Іэсият зэрырилажьэрэ илъэс 40-м щIигъуащ. Ар зэман мащlэкъым, ауэ зэи къэхъуакъым къыхиха Іэщlагъэм щытеззыца. Егъэджакlуэ Іэкlуэлъакlуэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхум и къызэгъэпэщыкlэм и пIалъэ ещlэ икlи и Іэнатlэм гурэ псэкlэ пэрыту мэлажьэ. ГъукIэпщокъуэм и Іуэху зехьэкlэр куэдым я дежкlэ щапхъэщ. Ар адрейхэм ейм къахощъэхукl бгъэдэлъ щlэныгъэ куумкlэ, Іэзагъэмкlэ, и дерсхэм щlэлъ гупсысэмрэ купщlэмкlэ. Зи лэжьыгъэмкlэ категорие нэхъыщхьэ 1995 гъэ лъандэрэ зиlэ егъэджакlуэм и дэтхэнэ дерсри къэхутэныгъэ хьэлэмэтщ. Абы хэм еджакlуэхэм къыщащlэр адыгэбзэм и хабзэхэмрэ литературэм и теориемрэ я закъуэкъым. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ къигъэсэбэту, Іэсият щlыкIуэр щыгъэзэ хуещl гъащlэм и зэхэлъыкlэ хьэлэмэтым, лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэмрэ ящыщщ куэдым, «адыгэ нэмыс» псалъэхэм къызэщlаубыдэ Іуэхугъуэхэм. Адыгэбзэм сабийхэр дезыгъэхьэх, зыгъэгупсысэ, нэхъыбэ къащlэным хущlэзыгъэкъуэ лэжьыгъэхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпыныр Іэсият нэхъыщхьэу гулъытэ зезыщlэ егъэджэныгъэ Іэмалхэм ящыщщ. ЕгъэджакIуэм нэгъуэщI Іуэху бгъэдэлъхьэкIи иIэщ: абы къегъэсэбэп лекцэ, семинар, зачёт дерсхэр. Бзэм дезыгъэхьэх дерсхэр нэхъ купщlафIэ, гурыIуэгъуэ хъун папщlэ, абы нэгъуэщI предметхэмрэ адыгэбзэмрэ зэпещlэ. Псалъэм папщlэ, тхыдэр, географиер, сурэт щIыныр, урысбзэмрэ литературэмрэ, музыкэ предметхэр ГъукIэпщокъуэм и лэжьыгъэм щIэхщIэхьыгъэ къыщIегъэсэбэп.

- ЦIыхум къыдалъхуэ и анэдэлъхубзэращ ар дунейм тезыIэр, Псалъэм папщlэ, тхыдэр, щIыналъэм щыщ зыщIыр. А фIыгъуэр сабийм псом япэу бгъэдэзыплъхьэфынур ар къыщIыхь унагъуэращ, абы и адэ-анэращ. Зэрыхабзэщи, къызыхэкlа унагъуэм илъ хабзэращ псом япэу сабийм къищтэр. Ауэ щIыхъукI, а хабзэхэмрэ бзыпхъэхэмрэ къитщтэныкlэ ныбжьыщlэм япэ шэсыпlэ хуэхъур, шэч хэмылъу, и анэдэлъхубзэращ. Сабийм япэщIыкlэ бзэм и Іэфlагъыр, иужькlэ и пIэщlагъыр зыхищlэурэ, и гупсысэкlэрэ абы тегъэпсыхьа мэхъу, апхуэдэуи бзэр зэхихыху, ирипсэлъху, абы и зэхэлъыкlэр, и зекIуэкlэр зыхещlэ, зыщlешэ, - жеIэ ГъукIэпщокъуэм.

Іэсият зэрыжиIэмкlэ, сабийм унагъуэм пэщlэдзэ щIэныгъэр апхуэдэ щIыкIэкlэ щIигъуэта нэужь, адэкlэ бзэм зегъэужьыныжьмкlэ къалэнхэр егъэджакIуэхэм я пщэ къыдохуэ. ЕгъэджакIуэм и Іуэху бгъэдэхьэкlэм иIыгъщ куэд. Ар гукIи псэкIи къабзэу бгъэдэтын хуейщ дэтхэнэ сабийми, езым бгъэдэлъ щIэныгъэр тэмэму яритыфри, цIыкIуэм я псэр итхьэкъун щхьэкlэ. Щэч хэмылъу, а къалэнхэр нэхъыфI дыдэу зэрыбгъэзэщlэфыну Іэмалхэм ящыщщ анэдэлъхубзэкlэ Іу псалъэр. Аращ псэм еIэфIэкIри егъэпэкIри. Абы и лъэныкъуэкlэ жьIпlэ хъунущ зи анэбзэр зыIурымылъу къэхъу сабийкэм гъащlэм фIыгъуэрэ Іэфlыгъэу куэд зэращlифIэкlуэдыр.

Апхуэдэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, ахэр гъэбзэгъэным хуэунэтlащ егъэджакIуэ нэсу куэдым къалъытэ Іэсият зэфIих лэжьыгъэр. Абы щIэх-щIэхьыуэ ирегъэкIуэкI дерс зэIухаХэр. Апхуэдэхэм дежь нэрылъагъу мэхъу егъэджакIуэмрэ абы и еджакIуэхэмрэ яку дэлъ зэпыщlэныгъэр зыхуэдэр, нэхъыжьым нэхъыщхьэр зыхуищlийр. Абы и Іуэхэнэхэр жьджэру хэтщ еджапIэм, районым къыщызэрагъэпэщ зэпеуэхэм, адыгэбзэмкlэ олимпиадэхэм, егъэджэныгъэм пыщIа нэгъуэщI Іуэхугъуэхэми. Дерсхэм къадэкIуэу, ГъукIэпщокъуэм ныбжьыщlэхэм къащlэным хущlэзыгъэкъуэ лэжьыгъэхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпыныр Іэсият нэхъыщхьэу гулъытэ зезыщlэ егъэджэныгъэ Іэмалхэм ящыщщ. ЕгъэджакIуэм нэгъуэщI Іуэху бгъэдэлъхьэкIи иIэщ: абы къегъэсэбэп лекцэ, семинар, зачёт дерсхэр. Бзэм дезыгъэхьэх дерсхэр нэхъ купщlафIэ, гурыIуэгъуэ хъун папщlэ, абы нэгъуэщI предметхэмрэ адыгэбзэмрэ зэпещlэ. Псалъэм папщlэ, тхыдэр, географиер, сурэт щIыныр, урысбзэмрэ литературэмрэ, музыкэ предметхэр ГъукIэпщокъуэм и лэжьыгъэм щIэхщIэхьыгъэ къыщIегъэсэбэп.

- ЦIыхум къыдалъхуэ и анэдэлъхубзэращ ар дунейм тезыIэр, Псалъэм папщlэ, тхыдэр, щIыналъэм щыщ зыщIыр. А фIыгъуэр сабийм псом япэу бгъэдэзыплъхьэфынур ар къыщIыхь унагъуэращ, абы и адэ-анэращ. Зэрыхабзэщи, къызыхэкlа унагъуэм илъ хабзэращ псом япэу сабийм къищтэр. Ауэ щIыхъукI, а хабзэхэмрэ бзыпхъэхэмрэ къитщтэныкlэ ныбжьыщlэм япэ шэсыпlэ хуэхъур, шэч хэмылъу, и анэдэлъхубзэращ. Сабийм япэщIыкlэ бзэм и Іэфlагъыр, иужькlэ и пIэщlагъыр зыхищlэурэ, и гупсысэкlэрэ абы тегъэпсыхьа мэхъу, апхуэдэуи бзэр зэхихыху, ирипсэлъху, абы и зэхэлъыкlэр, и зекIуэкlэр зыхещlэ, зыщlешэ, - жеIэ ГъукIэпщокъуэм.

Іэсият зэрыжиIэмкlэ, сабийм унагъуэм пэщlэдзэ щIэныгъэр апхуэдэ щIыкIэкlэ щIигъуэта нэужь, адэкlэ бзэм зегъэужьыныжьмкlэ къалэнхэр егъэджакIуэхэм я пщэ къыдохуэ. ЕгъэджакIуэм и Іуэху бгъэдэхьэкIи иIыгъщ куэд. Ар гукIи псэкIи къабзэу бгъэдэтын хуейщ дэтхэнэ сабийми, езым бгъэдэлъ щIэныгъэр тэмэму яритыфри, цIыкIуэм я псэр итхьэкъун щхьэкlэ. Щэч хэмылъу, а къалэнхэр нэхъыфI дыдэу зэрыбгъэзэщlэфыну Іэмалхэм ящыщщ анэдэлъхубзэкlэ Іу псалъэр. Аращ псэм еIэфIэкIри егъэпэкIри. Абы и лъэныкъуэкlэ жьIпlэ хъунущ зи анэбзэр зыIурымылъу къэхъу сабийкэм гъащlэм фIыгъуэрэ Іэфlыгъэу куэд зэращlифIэкlуэдыр.

Апхуэдэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, ахэр гъэбзэгъэным хуэунэтlащ егъэджакIуэ нэсу куэдым къалъытэ Іэсият зэфIих лэжьыгъэр. Абы щIэх-щIэхьыуэ ирегъэкIуэкI дерс зэIухаХэр. Апхуэдэхэм дежь нэрылъагъу мэхъу егъэджакIуэмрэ абы и еджакIуэхэмрэ яку дэлъ зэпыщlэныгъэр зыхуэдэр, нэхъыжьым нэхъыщхьэр зыхуищуийр. Абы и Іуэхэнэхэр жьджэру хэтщ еджапIэм, районым къыщызэрагъэпэщ зэпеуэхэм, адыгэбзэмкlэ олимпиадэхэм, егъэджэныгъэм пыщIа нэгъуэщI Іуэхугъуэхэми. Дерсхэм къадэкIуэу, ГъукIэпщокъуэм ныбжьыщlэхэм къащlэным хущlэзыгъэкъуэ лэжьыгъэхэр и творческэ проект зэмылIужьыгъуэхэр, къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщlафIэхэр, ахэр я лъэпкъ лIакъуэхэм я къекIуэкIыкIахэм, я нэхъыжьыфIхэм яIа псэукIэмрэ дуней еплъыкIэхэмрэ ириша-лIу.

Зи Іэнатlэм зигури зи псэри хэзыльхьэ бзыльхъугъэм и цIэр фIыкlэ щыIуащ республикэпсо утыкуэхэми. Ар мыззэмытIэу пэрыт щыхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» щIыналь-лэпсо зэпеуэм и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэм. Іэзагъэшхуэ зыбгъэдэлъ, «ЕгъэджакIуэ нэхъыжь» цIэр зезыхьэ Іэсият илъэс куэдкlэ лэжьащ Джэрмэншык курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщlу. 1981 гъэм къыщыщlэдзауэ 1987 гъэ пщlондэ ар щытащ анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я районпсо методикэ зэгухьэныгъэм и лъэпкъ. Зы илъэси къанэрэкъым ГъукIэпщокъуэр КъБР-м ЦIыхуэхэр егъэджэнымкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Іуэхугъэмкlэ и министерствэми егъэджэныгъэмкlэ Аруан щIынальэ Іэнатlэми ирамыгъэблагъэу, анэдэлъхубзэмкlэ район, республикэ олимпиадэхэм хэтхэм папщlэ лэжьыгъэхэр зыгъэхьэзыр гупым хэту.

ЗЫщlЛАЖЬЭ школым щыпсэу къуажэми щекIуэкI жылагъуэ гъащlэм жьджэру дапщэщи хэтщ егъэджакIуэ гумызагъэр. И щlалэгъуэм ар щытащ еджапIэм щызэхэт комсомол зэгухьэныгъэм и пашэу, ВЛКСМ-м и Аруан райкомым и пленумым хэтащ. Зыбжанэрэ хахащ Джэрмэншык къуажэ советым и депутату, цIыхубэ егъэджэныгъэмкlэ абы и комиссэм и пашэу.

ГъукIэпщокъуэм и Іуэху зехьэкlэ пэрытым и щIыхьэту къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм, КъБР-м ЦIыхуэхэр егъэджэнымкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Іуэхугъэмкlэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкlэ Аруан щIынальэ Іэнатlэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбардей Адыгэ Хасэм, Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къаборъэдзкl щIыхь. фIыщlэ тхыльхэр. Іэсият и къалэмпIэм къыпIыкIа методикэ лэжьыгъэхэр тIэунейрэ нэхъыфI дыдэу къыщlалъытащ егъэджакIуэхэм я щlэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и Іэщlагъэхэмкlэ. УФ-м и Президентым къыхилъхьа «Егъэджэнгъэdisplaystyle» лъэпкъ проектым 2008 гъэм щытекIуащ Іэсият икIи, ди къэралым и егъэджакIуэ нэхъыфIхэм халъытэу, щIыхь тхылъэ сом мини 100 хьэ ахъщэ саугъэтрэ къыхуагъэфэщащ.

Унагъуэ дахэкlэ Тхьэр зыхуэпсахэми ящыщщ Іэсият. Абы и щхьэгъусэ ГъукIэпщокъуэ Мусэ и Іэщlагъэкlэ инженерухуакIуэщ. Зэщхьэгъусэхэм бынилI къащlэхъуащ: Маринэ, Марьянэ, Маритэ, Мухьэмэд. Ахэр псори Гъащlэм Гъэзэгъэпэжым щытрагъэуващ, щIэныгъэрэ зэрыпсэун Іэщlагъэрэ ирагъэгъуэтащ.

«ЕгъэджакIуэр и ГъащlэпсокIэ езыри йоджэ», - жаIэ. ЦIыбзем адыгэбзэр егъэщlэным псэемыблэжу хуэлажьэ егъэджакIуэ зэчиифIэ ГъукIэпщокъуэ Іэсият и Іэкlуэлъакlуагъкlэ здынэса лъагапIэм къыззыщlымыуВыIэнур нэрылъагъущ. Псэ хьэлэлу зи Іэнатlэр езыхьэкI лэжьакIуэшхуэм ехьулIэныгъэфIэкр адэкlи иIэну, узынщэу, быным, абыхэм къащlэхъуэ щIыблэм я насыпт куэд илъагъу псэуну ди гуапэщ.

ЖЬILАСЭ Маритэ.
Аруан щIынальэ

Нобэ тхыдэм и напэкIуэцIхэм ди нэгу къыщIагъэхьэж дзэзешэ цIэрыIуэ, генерал Бэркъукъу Исмэхьил (1889 - 1954) хамэ щIынальэм къыщыхъуа, щIэныгъэрэ Іэщlагъэрэ щызригъэгъуэта хэку етIуанэм и щыхуэ зытемына адыгэ хэхэс лIыщхьэхэм ящщ. Исмэхьил и адэ Алий къызыхэкlар Жэрыщтыхэщ. ЗэкъуэшиплIым ящыщу тIур - Исуфрэ Алийрэ - 1877 гъэм адэм я гъусэу Тыркум Іэпхъуэри, Инусрэ Уэсмэнрэ хэкум къинауэ щытащ.

ЗЫщlЭХЭМ зэрыжаIэмкlэ, Збалъкъэр таубий Урысий Исмэхьил и атэлыкъыу щытар Жэрыщты Алийщ. Езыр урыс армэм и штабс-капитан цIэр зыхуагъэфэща дзэлIт. Хамэ щIыпIэм къыщыхута нэужь, Жэрыщтыхэ я лъэпкъым и унэцIэр зезыхь къуажэ Жэрыщтейкlэ (Яглыпинар) еджэу Пынарбаш жылэм и Іэгъуэблагъэм щаухуауэ щытащ.

Пэщlэдзэ щIэныгъэр зригъэгъуэта нэужь, Исмэхьил курыт еджапIэр Истамбыл къыщиухри, 1907 гъэм Уэсмэн пащтыхыгъуэм и дзэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэм щIэтIысхьащ, 1908 гъэм ар лейтенант нэхъыжьщ, илъэситI нэужьым капитан хъуауэ еджапIэм къыщIэкlащ.

Ялъ дунейпсо зауэр щыщIдзам, Бэркъукъу Исмэхьил Македониемк щыIэт. ИужькIэ Кавказми КъуэкIыпIэ гъунэгъуми, псалъэм папщlэ, Иракым къыщыхъуа зэрыхьэрийхэм хэпщlауэ щытащ. Ялъ дунейпсо зауэм Исмэхьил и къуэшхэу Ахьмэдрэ Мыхьмудри хэтащ, абыхэм Чанаккале деж я псэхэр щаташ.

Урысейм Мазае революцэ жыхуаIэр къыщыхъеят нэужь, Бгырыс республикэхэр Кавказ Ищхъэрэр хэгъэгу щхьэхуэ ящlыну иужь ихьахэт. Ар я мураду, 1918 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м Уэсмэн империерэ зи тетыгъэр утыку къихьагъащlэ Бгырыс республикэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращlэIри, тыркуэхэм Бэркъукъу Исмэхьил я пашэу зауэлI 652-м нэблагъэ зыхэт дзэ Дагъыстэным къагъэкIуат, Республикэщlэм зыщlагъэкъуэну. Я дзэр кавказ щlалэхэмкlэ ирыгъэзкъуу, мусылъмэныдзэ зэрагъэпэщыныр абыхэм я пIъапIэр. А гулым и щlэтэкъуэну иджыри Исуф Иззэт-пашэ и нэIэ щIэт 15-нэ лъэсыдзэр а илъэс дыдэм и жэпуэгъуэ мазэм къаутIыпщри, абы псынщlэ дыдэу Баку, Дербент, Мэхъэчкъалэ зыIуригъэхьат. Ауэ Іуэхур нэхъ гуащlэ хъууэ, Бгырыс республикэм и хъуэпсапIэхэр къыщемыхъуIлIэм, Бэркъукъу Исмэхьил 1920 гъэм Истамбыл игъэзжащ. ИужькIэ ар Кемаль Мустафа (Ататюрк) и лъэныкъуэр иIыгъыу Тыркум щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм зэпщlэчъа хъуащ.

1946 гъэ пщlондэ дзэ къулыкъум пэрытащ Бэркъукъу Исмэхьил. Абы и Іэдакъэм Кавказым теухуа тхыгъэхэр, тхылъхэр къыщIэкlащ. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэр 1958 гъэм дунейм къытехьа «Кавказым и тхыдэрщ» («Tarihte Kafkasya»).

Къулыкъуэхэм къыхэкIыжу тIысыжа нэужь, генерал хъыжьэ, тхыдэгъэ Бэркъукъу Исмэхьил Тыркум и Лъэпкъ Хасэшхуэм езыр зыщlащ Къайсэр кlыбгъэдэкI лIыкIуэу захри, плIэнейрэ Меджлисым и депутату щlатащ. 1954 гъэм накъыгъэм и 11-м Лондон операцэ щащIа къудейуэ, Бэркъукъу Исмэхьил дунейм ехыжри, Анкара щыщlалъхьащ.

Бэркъукъу Жансэт

АДЫГЭлI щыпкъэм къуитIрэ зыпхъурэ и ужь къиувахщ: Жанбэт, Жэбагъы, Жансэт.

Тырку тхакIуэу къалъытэ Бэркъукъу Жансэт (Berkuk Janset Shami) зэрытхэр инджылызбзэщ. Абы Анкара литературнэ институт къыщиухри, и щlэныгъэм Лондон щыпищащ. Унагъуэ ихьа нэужь, Иорданиер псэунlэ зыхуэхъуа Жансэт и тхылъхэр 1995 гъэ лъандэрэ США-мрэ Инджылызымрэ къыщыдокI. ЗэрытхакIуэм къыдэкIуэу, ар икIи сурэтыщlщ, къыщlынэмыщlауэ, адыгэ лъэпкъ теплъэ зиIэ гуащlэ гъэщlэгъуэнхэр ещI.

ЦIэрыIуагъкlэ и адэшхуэмрэ и анэмрэ къакIэрыпхуркъым Жансэт ипхъу ЩхьэлахъуэУ Сэтэней. Ар пщlэ зиIэ антропологхэм ящыщщ, адрей лъэпкъхэм къадэкIуэу, адыгэхэми ятеухуа къэхутэныгъэхэм йолэжь.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Бгырыс республикэм и лIыщхьэхэр. Ижьымкlэ ящу щысыр Бэркъукъу Исмэхьилщ, сэмэгумкlэ къыщыщlэдзауэ ещанэу щытыр генерал-майор Даутокъуэ-Серебряков Заурщ.

● Тэрч щIыналъэ

ЛэжьакIуэфIхэр мащlэкъым

Джылахъстэнейм и Красноармейскэ жылагъуэм Илъэсыщlэм и пэ къиухуэу нэхъыжьхэр щагъэлъэпIащ.

МЫ КЪУАЖЭР ящыщщ тхыдэ гъуэгуанэ дахэ, екIу къыззэзыпэкIа, цIыку гуащlафIэ куэд къызыдэкIахэм. Жылагъуэ унафэщlхэм я жэрдэмкlэ ирагъэкIуэкIа зэIущlэм ирагъэблагъащ Красноармейскэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщlа лжьакIуэжьхэр. Мыбы щыIа колхозым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм къахэкIат механизатор, жэмыш, нартыхугъэкI цIэрыIуэхэр. Абыхэм я пщlэр къуажэм дэс щlалэгъуалэм ноби щапхъэу хуагъэлъагъуэу къокIуэкI.

Зэманым зихуэжащ жытIэми, иджыпстуи ди мащlэкъым пщlэ зыхуэщlыпхъэ лэжьакIуэфIхэр. Жылагъуэдэсхэр хущlокъу экономикэ, щlы елэжьыкIэ я лъэныкъуэкIэ хэрэлым къащlыхьахьа дэтхэнэ зы Іэмалыщlэри къыззрагъэсэбэпыным.

ЗэIущlэм ирагъэблагъат КъБР-м Мэкъумэщ Іэнатlэмкlэ и министерствэм, нартыху гъэкIыным елэжь щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым я ІэщlагъэлIэр, район, жылагъуэ унафэщlхэр. Дауэдапщэр зращlэкIа нэхъыжьхэр ягъэльэпIащ, я нэгу зрагъэужьащ, я Іуэху зытетым зыщlагъэгъуэзащ. Зэхьыхьэм щытепсэлъыхьащ къуажэдэс щlалэгъуалэм я зэфIэкIхэми.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щапхъэ

ДЖАТЭ Іэуес: ЛъапIэныгъэ нэхъыщхьэр узыншагъэмрэ мамырыгъэмрэщ

Дохутыр цIэрыIуэ хъуну дэтхэнэ зыми хуэзфIэкIырхъыш. ЩIэныгъэм къищlынэмыщlа, апхуэдэ цIыхуэм хэлъыпхъэщ хьэл-щэн дахэ, набдзэгубдзаплъэу щытыпхъэщ, шыIэ, гуапагъэ далъагъун хуейщ. И лэжьыгъэм теухуауэ къапщтэмэ, щIэн хуейр псынщIэу зыгъэбелджылы, жэуаплныгъэр зыхэзыщlэрщ и Іэнатlэм ехъулIэныгъэ щызиIэр. Ипэжыпlэкlэ а фIагъ псори бгъэдэлъщ КъБР-м щыIэ МВД-м и Медико-санитар Іуэхущlапlэм и унафэщlым и къуэдзэ, зэбгъэтIылъэкI мыхъунумедицинэ дэIэпыкъуныгъэмкlэ къудамэм и унафэщl, дохутыр-травматолог, къэрал кIэущ къулыкъум и майор Джатэ Іэуес Мужир и къуэм.

ДОХУТЫР Іэщlагъэм зэрыхуеджэнур Джатэм и гум ириубыдат ныбжьыщlэ дыдэу. Школым щыдж дерсхэм ящыщу фIыуэ илъагъут биологиемрэ анатомиемрэ.

1991 гъэм Іуэус щIэтIысхьащ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым. Ар къиухри, щlалэм и щlэныгъэм зы илъэскlэ интернатурэм щыпищащ травматологие-ортопедие Іэщlагъэмкlэ. 1998 гъэм лэжьэн щыщlидзащ Дзэлыкъуэ щlыналъэ смаджэщым. 2000 гъэм ординатурэм щIэтIысхьащ.

Джатэр 2002 - 2004 гъэхэм лэжьащ зэбгъэтIылъэкI мыхъуну медицинэ дэIэпыкъуэгъуэм и дохутыру. ИтIанэ ар кIуащ къэрал кIуэцI Іуэхугъэмкlэ органхэм. Ведомствэр сыт щыгъуи хуейщ и Іэщlагъэм фIыуэ хэзыщlыкI, абы хуэIэкIуэлъакIуэ лэжьакIуэхэм. ИпэжыпIэкlэ Джатэ Іуэес апхуэдэу зыкъыщигъэльэгъуащ комиссэм и пащхьэм. Ар къащтащ республикэ МВД-м и Медико-санитар Іуэхущlапlэм и дохутыр-травматологыу.

Абы и къалэн нэхъыщхьэр къэрал кIуэцI Іуэхугъэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэу лей зытехьахэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм япэ медицинэ хуэIухуэщlэ яхуэзфихиныр щ, адэкlэ я узынщlагъэр зэфIэгъэувэжыныр. Іуэус зэрыжиIэмкlэ, и лэжьыгъэр къыщегъэпсынщlэ артроскопие Іэмэпсымэщlэм, сэкъат зыгъуэта зэрытпIэхэм ящыщу фIэкIа хэмыIэбэу зэрагъэхъужьыным.

- Къалщтэмэ, махуэ къэс си дежь чэнджэщ хуейуэ къокIуэ я къупщхьэ зэрытпIэкlэ зэрыгуэным игъэгуавэ щыхуэ ящlыну и пщэрыльэр нэщыкъуэ игъэзащlэу дунейм тетыну. Пщэдей къихьэ Илъэсыщlэм, ныбжьым емылъытауэ, дэтхэнэри фIыкIэ щогугъри, нахуанlэ яхуэхъуну си гуапэщ. ЛъапIэныгъэ нэхъыщхьэр узыншагъэмрэ мамырыгъэмрэщ, - жеIэ Джатэ Іуэус.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

«Зэманым пхыкIыу»

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыщl гъуэзджэмкlэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, декоративно-прикладной гъуэздджэм и гъэлъэгъуэныгъэ гъэщlэгъуэн къыщыхэIухащ. «Зэманым пхыкIыу» («Сквозь время») зыфIаща зэIущlэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбардей-Балъкъэр къудамэм, лэжьыгъэхэр утыку къыщрахьа музейм.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 23-м къыщыщlдзауэ щыIыпlэм и 9 хъуху ягъэлъэгъуэнущ сурэтыщl, скульптор, керамист, УФ-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм 2006 гъэ лъандэрэ ЗТ Тхьэззэплъыкъ Руслан, сурэтыщlхэу, декоративно-прикладной гъуэзджэм и Іэпщlэплъапщlэхэу Мэзло Руслан и дизайнер Хьалил Миланэрэ я Іэдакъэщlэкl сурэтхэр, скульптурэхэр, арджэнхэр.

ЗэIущlэм зыкъыгъэхьэлIат къулыкъущlэхэм, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ дихьэххэм, сурэтыщlхэм я гуащlэм пщlэ хуэзыщlхэм, журналистхэм, нэгъуэщlхэми. ІэщlагъэлIхэм я лэжьыгъэхэр къаззрыщlихьыр жаIэу, абыхэм кърат гупсысэхэмкlэ къыззхуэсахэм ядэгуашэу, сурэтыщlхэм я ехьулIэныгъэм щыгуфIыкIэрэ гуапэу ехьуэхьуу зэIущlэм къыщыпсэлъахэщ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщl, республикэм гъуэзджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пащlэ Рамед**, Къэбардей-Балъкъэрым и цIыхубз сурэтыщlхэу **Бгъэжьнокъуэ Заурбэчрэ Црым Русланрэ**, ди республикэм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркан Геннадий**. Гъэлъэгъуэныгъэр зейхэм къабгъэдэкIыу къызэхуэсахэм фIыщlэ яхуищlащ Тхьэззэплъыкъ Руслан.

ФIщlэн папщlэ: мы Іуэху дахэм хэплъэну хуей налшыкъэсхэмрэ абы и хьэщlэхэмрэ музейбжэр, мэрем махуэм фIэкIа къэмынэу, махуэ къэс, сыхьэти 10-м къыщыщlэдзауэ 18 хъуху яхуэзIухащ, бэрэжьейм сыхьэт 21-рэ хъуху мэлажьэ. Илъэс 16-м зи ныбжьыр нэмысахэм абы щIыхьэн папщlэ пщlэ щIэтын хуейкъым, мазэм и иужьрей бэрэжьейм илъэс 18 ныбжьым нэмысахэри пщlэншэу гъэлъэгъуэныгъэхэм еплъыфынущ. Балигъхэм - сом 70, студентхэм - 30, пенсионерхэм - 30, зы цIыхум къыщыщlэдзауэ пщlым нэс зыхэт гупым и экскурсиер - 100, цIыхуипщlым къыщыщlэдзауэ тIощlым нэс зыхэтыр - 250-рэ я уасэщ.

«Зэманым пхыкIыу» гъэлъэгъуэныгъэм фрагъэблагъэ, ар сабийхэми балигъхэми зэрафIэгъэщlэгъуэныным шэч хэлъкъым.

ИСТЭПАН Залинэ.

Адыгэ дамыгъэхэм къахохъуэ

● Хэкупсэ

Адыгагъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, къыддэгъуэгурыкIуэ хабзэхэр зехьэным, абы и щапхъэу ущытыным я мызакъуэу, лъэпкым зыгуэр хуэпщIэфыным, и пщэдейм гуузэ-лыуэ хууиIэу утелэжьэныр. Апхуэдэ щIалэ ахъырэмэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Коллекционерхэм я зэгухэныгъэм хэт Тхьэкъуахъуэ Iэуес.

IэУЕС АДЫГЭ дамыгъэхэр зытет пасэрей хьэпшыпхэр зэхуихьэсын щIидзати, дихьэхри, езыми лъэпкъ бгъэхэIухэр иригъэщI хъуащ. Абы ищIауэ щыIэщ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж, Адыгэ тхыбзэм, Адыгэ ныпым, Адыгэхэм (шэрджэхэм) я махуэхэм, ди лъэпкъым игъэтъапIэ нэгъэщI Iуэхуэмэ я дамыгъэхэр зытет бгъэхэIу екIу куэд.

Езы Iэуес зэрыжиIэмкIэ, ар дамыгъэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIыну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнунур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Къэбэрдей уэрамыр илъэси 170-рэ щрикъум хуэгъэпсэ дамыгъэращ ягъуэ иригъэщIар. Дамыгъэм «Победа» кинотеатрым и сурэтырщ тригъэувар. Кинотеатрыр мылажьэжми, си щIалэгъуэми нэхъыжьхэми фIыуэ щыIэщ ар. Абы къыкIэлъыкIуащ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм и дамыгъэр, нэгъэщIэжри. Абыхэм Тхьэкъуахъуэм игу кьагъэкIащ адыгэхэм я махуэ лъапIэхэм, дауэдапщэ щхьэхуэхэм я щIыхь дамыгъэхэр иригъэщIну. Iэуес быдзу и фIэщ мэхъу зэман дэкIмэ, езым хуэдэу абыхэм щыгуфIыкIын, зыфIэгъэщIэгъэунэн зэрыщIэнур.

Ящ ягъуэ бгъэхэIу 2017 гъэм иригъэщIри, абы и ужькIэ хъуэрыгъэжьфа-кхъым ар. Тхьэкъуахъуэм жеIэ а Iуэхум кьыззэрымыкIуэ зэрызыIэпишар. ГъэщIэгъэнраклъэ, бгъэхэIу лIэужьыгъуэ гуэрхэр езы Iэуес ищIу зригъэсауэ, абыи хуэIэрыхуэщ.

Шэч хэмылъу, щIалэм и хъуэпсапIэщ и Iэрыкъэр нэхъыбэм лIэрыхьэну, езым абыхэм хилъагъуэ мыхьэнэр адыгэ щIалэгъуалэм кьагурыIуэну, и Iофыр захригъэщIэну. Абы папщIэ, Интернетым напэкIуэцI щхьэхуэ (numizmat07) щищIауэ, абдеж и лэжьыгъэхэр щеГъэпсэлъагъуэ, щещIэ.

Тхьэкъуахъуэр КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухэныгъэм зэрыхьыхьэрэ илъэситI фIэкIа мыхъуами, пасэрей хьэпшыпу гъэтIылъыгъэ зыкъом иIэщ. Нэхъыбэу абы зэхуихьэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа фэеплъхэрщ. Совет зэманым кьыдэкIа бгъэхэIухэм ящыщу 600-м нэс иIэщ. Коллекционерхэм бгъэхэIур кьызыхэщIыкIа гъущIыкIэкIэ, я пльыфэкIэ зэщхьэщагъэкIри, зэтемыхуэу зэхуахьэс. КьищынэмыщIауэ, Тхьэкъуахъуэм кьызэрымыкIуэу фIэфIщ стIолыщхьэ медалхэри, апхуэдэу 30-м щIигъу иIэщ. Пощт карточкэхэр, маркэхэр зэхуеухьэс, абы теухуауэ тхыльэ цIыкIуи кьыдигъэкIыжащ. Письмоульэхэм маркэ тетуи темытуи зэригъэпэщ-тури, абыхэм ятеухуауи тхыльэ мыин дыди дунейм кьытригъэхьащ.

Дауи, коллекционерым имыIэ гуэр кьыщыкэхъуэм и деж екъулIэныгъэшхэщ. Ди хьэщIэм зэрыжиIэмкIэ, абы уасэншэу кьелIыьтэ адыгэбзэкIэ тету ягъуэ кьыIэрыхьа дамыгъэр. Абы кьызэригъэлъагъуэмкIэ, псом нэхърэ нэхъ фIэфIри Къэбэрдей-Балъкъэрым, адыгэ лъэпкъым ехьэлIа хьэпшыпхэрщ. Тхьэкъуахъуэм и гъэтIылъыгъэхэр зэхуэхьэсынымкIэ къыдэIэпыкъуахэм ящыщщ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъАХ-м и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. «КъБР-м адыгэдэ зыбжанэ фIэкIа имыльу, дамыгъэ гъэщIегъуэнхэр тыгъэ къысychyщIащ Мухьэмэд. Абы хуэдэ нэхъыжьыфI дыщымыщIэу, дефIакIуэ дыпсэуну си гуапэщ», - жеIэ Тхьэкъуахъуэм.

Iэуес и Iэдакъэщ1экIэхэм кьахигъахъуэ эпытщ. Мы махуэхэм абы езым ищIауэ ди пащхьэ кьрильхьащ бгъэхэIу дамыгъэщIэхэр. Ахэр хуэгъэпсащ: Адыгэшым и фондым, Кфар-Камэ дэт адыгэ музеим, США-м щыIэ Адыгэ ПIщIэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Нартхэм я махуэм, Къэрмокъуэ Мухьэмэд илъэс 90 зэрырикъум, Анэдэлъхьбзэм и махуэм, нэгъэщI куэдми.

«Зыщ1эну хуейм ищ1эн егъуэ» жьхуэIэр пэжщ. Iуэхум я нэхъ щIыкIуми и джэрпэджжыр кьызэрыIунур зыщIэр зэманрыщ. Тхьэкъуахъуэ Iэуес и лэжьыгъэм дяпэкIи хигъэхьэну, абы щIэблэм хуащ пщIэмэ гупытэмэрэ бгъэуну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Беслъэнейм и нэхъыжь уардэхэр

2019 гъэм узыщыгуфIыкIыну къыддэхъуа зы Iуэху дахэкIэ сывдэгуэшэнуц. Дуней псом щыщIэрыIуэ сурэттех Смольников Андрейрэ сэрэ дызэхьхьэри, КъШР-м щыIэ Беслъэней жьлэм дэс щIыхуэхъу нэхъыжьхэм сурэт ятетхащ. Адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа нэхъыжьыфIхэм я щыбагъ къыдэтщ кавказ бгы уардэхэр, ящIыгъущ адыгэшыр!

СУРЭТ тетхаэр хуабжьу щIэрыIуэ хъуащ, сыту жьIэмэ, ахэр «Моя планета» зэпеуэм щытекIуащ. Абы и пщIэр къегъэлъагъуэ мыпхуэдэ бжьгъэм: сурэту зэпеуэм кьагъэхьар минплIрэ щиплIм щIегъу, абы щыщу пхыкIар плIыщIрэ тIурэщ. Уеблэмэ, Смольников Андрей трихауэ сурэтищ пхыкIащ зэпеуэм. Абыхэм ящыщщ зи гугъу сщIы «Беслъэней дэс нэхъыжьхэр» жьхуиIэр! Псом нэхърэ нэхъ гуапэщ мы сурэтыр Москва, Новгород Ищхьэрэ, Воронеж, Санкт-Петербург, Нур-Сулытан, нэгъэущI кьалэщхуэхэм я уэрамхэм, дунейпсо аэропортхэм метритIым щIигъуу щагъэува стендхэм зэритыр. Адыгэм и лъэпкъ щыгъыным Урысей къэралышхуэм щыпсэу бгъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр яфIэгъэщIэгъуэну, дихьэхыу зэрелпъым гур хегъахъуэ. А нэхъыжьхэм я сурэтыр хэтщ «Самая красивая страна» гъэлъэгъуэныгъэмэ. Зи гугъу тщIы сурэтым щыбольагъу Беслъэней къуажьдэсхэу Кьардэн Владислав, Ныр Владимир, ГъукIэкъул Мухьэмэд, Чырбыж Мухьэмэд, Жантемыр Абдурэхьмэн, Дыщэкl Назир, Лэхъу Мухьэмэд сымэ.

Апхуэдэу щIэрыIуэ хъуа сурэтхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, ди нэхъыжь лъапIэу Бэчыжь Лейлэ тетхаэр. А сурэтыр Италием щекIуэкIа Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм щытекIуащ. «Черкешенка по имени Царица» сурэтри ящыщщ гулъытэ хэха зыхуащIахэм. И щIалэгъуэм дорбзэру щыта, зэхьэзэхуэхэм и Iэзэгъэмыкlэ куэдрэ текIуэныгъэ кьыщIэзыхьа Цариц1э Iэрыгъадэ машинэм бгъэдэсу трихат Андрей.

Смольниковым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр гулъытэншэу къэнакъым. Абы иджыблагъэ къратащ Москва щекIуэкIа сурэт зэхьэзэхуэм финалист зэрыщIихъуэжькIэ ЩIыхь тхылъ.

Илъэсыщ1эм ирихьэлIэу дэ къыддэдгъэкIащ Беслъэней къуажэм дэс нэхъыжьхэм я сурэтыр зытет Адыгэ махуэгъэпсэ.

Дызытехьэ 2020 гъэр угъурлы фхуэхьуну, фIыгъуэ куэд къыфхудэкIуэну, узыншагъэмрэ гукъыдэжьымрэ фыщымыщIэу илъэсыр ефхьэкIыну сыфхуохъуэхъуэ.

УЭХЪУТЭ Александр,
Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ.
Черкесск къалэ

Ди гъуэгу кIыхь хъуну, Залинэ!

● Щ1алэгъуэ

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди щIыналъэм щымащIэкъым Iэзэхуфl куэдкIэ узыщыгугъ хъун щIалэгъуалэ акъылыфIэ икIи жьыджэр, кьыхаха Iэщ1агъэмрэ гъащIэм щаубзыхуэ гъэпсыгъуэ зыIэрагъэхьэнэм ерыщу хущIэкъуу. Апхуэдэхэм ящыщщ Джатауэ Залинэ.

ДОХУТЫР Iэщ1агъэм илъэс куэд лъандэрэ ирилажьэ и анэшхуэмрэ и анэмрэ и гъуэгугъэлъагъуэу, Залини кьыхихащ а унэтIыныгъэр. Пщащэр екъулIэныгъэ лъагэ иIэу щоджэ КъБКъУ-м и Стоматологие институтым и ещанэ курсым, студпрофкомым и пашэщ. ГъащIэм хуиIэ мурадхэр кьохъулIэну, уи гур зыщIэхъуэпсэ, насыпу кьэлпльытэ псомкIи Тхьэр кьыпхуэупсэну дынохьуэхъу пщащэ дахащэм. Нобэ хэпш лъагъэр гъуэгуанэ бгъуфIэ пхуэхъуну, Залинэ!

КъАРДЭН Маритэ.



Къаныкъуэ Анфисэ теухуауэ сатыр 250-рэ

● Телъыджэ

Узыщыгуфlыкlа гуэрхэр кьыщыпщIэжкIэ, ехьулIэныгъэм и гъусэу ар кьыщыхуэца илъэсри уигу кьонэж. 2019 гъэр адыгэ литературэм зэрыхуэмэхуар къэзыгъэльагъуэ щапхъэхэм ящ ди щIэджыкIакIуэхэм щIэрыщIэу егъэщIыкъуэн хуэмей Къаныкъуэ - Фырэ Анфисэ тхыдэр и лъабжьэу итха «Хьэтхэмрэ» «Мэуэтхэмрэ» тхыльеджэм зэрыIэрыхьар. Адыгэ лъэпкъым и кьежьапIэу яльытэ лъэпкъыжьхэр езым и нагум кьызэрыщIыхьэм хуэдэу кьыщIыхьэ дигъэщIыхуащ тхакIуэм а романитIым.

«АДЫГЭ псалъэм» щылажьэхэми кьытхуохуэ газетым и нэкIубгъуэхэм ди лэжьэгъуэхэм я цIэ фIыкIэ щыжьитIэ. «Зэщотхъужри зэхэсхущ» кьытхужаIэнкIи зэрыхьэунэм димыгъэгъэвэу щытамэ, апхуэдэ щытхъуэхэр, фи фIэщ фщIы, къэзылэжь ди мащIэтэкъым.

Ялрэауэ, илъэсыи и кIыхьагъкIэ газетым кьытехуа «Хьэтхэмрэ» «Мэуэтхэмрэ» ещанэ роман къазэрыкIэлъыкIуэнумкIэ дыкъэзыгъэгугъауэ щыта Къаныкъуэ Анфисэ и псалъэр игъэпэжри, хьэт пащтыхьыгъуэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърыIлъэлъу лъэпкъыщIэхэр, къэралгъуэщIэхэр кьытепщIыкIыжьным зэрыхуэхIуар ди нэгу щыщIигъэкI «Чэрэнэр» тхын ирихащ. ЕтIуанэрауэ, дызыхуэкIуэ илъэсым «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм романищри зы тхылъу кьыщыдэкIыну гугъэ щыIэщ.

«Чэрэнэмэ» Анфисэ адыгэ тхыдэм и нэхъ кьеджьэжьагъэуэ лъэхъэжаг Iэзэу зэрытхуэзэлъыIуихами я гугъу дымыщIу, газетеджэхэм гу лъывэдгъэтэну дыхуейт гъащIэм и куупIэм нэмыса, литературэ мардэкIэ кьапщтэмэ, тхэн щIэзыдзахэм хэбжапхъэ цIыхуб цIыкIум зы илъэсым кьриубыдэу романищ зэритхыфар кьыщIэддзэжурэ зыхуэдгъэщIагъуэжьын хуей кьэхъуащIэу зэрыщытым. Сыту жьIэпмэ, лъэпкъыр лъэрызехьэ зыщIри, тхыдэ гъэсугуанэм кьытезынэри Iэщ1экъым, фащэкъым, кьафэкъым икIи уэрэдкъым, атIэ абы и бзэмкIэ зекIуэ, кьэрал гъунапкъэм икIыу адрейхэм кьезыгъэщIыхуэ, езыми зезыгъэщIыхуэ, и дуней тетыкIэр кьызэрыщ тхыгъэ кьыхэщIыпIыкIа-хэрщ. Щапхъэм и хьэтыркIэ, тхылъым ихуа щIэныгъэкIэ дыкьызыкIэрыхуэ лъэпкъышхуэхэм уаэхплъэмэ, дунейпсо цIыхубэм зи цIэ яIурылъыр я кьэужьыкъым зезыгъэужьа я усакIуэхэрщ, я тхакIуэхэрщ, я пушкинэрщ, я шекспирэрщ, я чэховхэрщ, я толстойхэрщ, я гейне-гётехэрщ. Iэщ1эм и кьарур нэхъ ину щытамэ, адыгэхэр зауэлI хуэIухуэщIэкIи хахуагъэкIи япэ итахэм ящыщт. Гум пхыкIа пэжыр къэзыгъэзэщтэ щанхагъэзэрщ урамыдужьмэ узыщIыр. Аращ романыщIэкIэ узыгъэгуфIа тхакIуэр лагъыбыщIэ зэпкърызылъхьахэми узыфэ зэрагъэзэхъуэ хущхьуэщIэ кьэзыгупсысэхэми, япэ имытмэ, кьащIыкIэрымыхур.

Уи щхьэ кьэбгъэпцIэжу, дунейпсо мардэм дэгъэтэну дыхуейт гъащIэм и куупIэм нэмыса, литературэ мардэкIэ кьапщтэмэ, тхэн щIэзыдзахэм хэбжапхъэ цIыхуб цIыкIум зы илъэсым кьриубыдэу романищ зэритхыфар кьыщIэддзэжурэ зыхуэдгъэщIагъуэжьын хуей кьэхъуащIэу зэрыщытым. Сыту жьIэпмэ, лъэпкъыр лъэрызехьэ зыщIри, тхыдэ гъэсугуанэм кьытезынэри Iэщ1экъым, фащэкъым, кьафэкъым икIи уэрэдкъым, атIэ абы и бзэмкIэ зекIуэ, кьэрал гъунапкъэм икIыу адрейхэм кьезыгъэщIыхуэ, езыми зезыгъэщIыхуэ, и дуней тетыкIэр кьызэрыщ тхыгъэ кьыхэщIыпIыкIа-хэрщ. Щапхъэм и хьэтыркIэ, тхылъым ихуа щIэныгъэкIэ дыкьызыкIэрыхуэ лъэпкъышхуэхэм уаэхплъэмэ, дунейпсо цIыхубэм зи цIэ яIурылъыр я кьэужьыкъым зезыгъэужьа я усакIуэхэрщ, я тхакIуэхэрщ, я пушкинэрщ, я шекспирэрщ, я чэховхэрщ, я толстойхэрщ, я гейне-гётехэрщ. Iэщ1эм и кьарур нэхъ ину щытамэ, адыгэхэр зауэлI хуэIухуэщIэкIи хахуагъэкIи япэ итахэм ящыщт. Гум пхыкIа пэжыр къэзыгъэзэщтэ щанхагъэзэрщ урамыдужьмэ узыщIыр. Аращ романыщIэкIэ узыгъэгуфIа тхакIуэр лагъыбыщIэ зэпкърызылъхьахэми узыфэ зэрагъэзэхъуэ хущхьуэщIэ кьэзыгупсысэхэми, япэ имытмэ, кьащIыкIэрымыхур.

Уи щхьэ кьэбгъэпцIэжу, дунейпсо мардэм дэгъуэгурыкIуэф литературэ уиIэу кьызэрымыфIэбгъэщIыныр зэрыщIэ ящыщщ литературэ. Ар литературэм хуеджам фIэкIа бгъэдэлъу щымытамэ, «Нарт» эпосым деж щIегъэжьауэ Къаныкъуэ Анфисэ и тхыгъэхэм деж щIиухьжу, дызыджэн щIыIэххэнтэкъым.

«Хиикъэ» тхыгъэм я дежкIэ щIым мыкъабзэу зыри телъкъым, - хуетх и ныбжьэгъуэм дохутыру щыта урыс тхакIуэшхуэ Чехов Антон. - Литераторми, химикым ещхьу, гъащIэр зэрыщыту зригъэльагъуфу щытын хуейщ, езым игу ирихь-иримыхьым щхьэдэплъыхрэ, щхьэнщыби зэрытелъыр, гъащIэм фIыкIи лейкIи уигъэунэхун зэрихьэлыр кьыгурыIуэ».

Гушхэныгъэ кьыдэзыт, зэрыжаIэу, къэфэкIи зэуэкIи ищIэу кьытхэт ди лэжьэгъу Къаныкъуэ Анфисэ илъэсыщIэ къэблэгъар, блэкIам кьыкIэрымыхуу, и плъапIэ пьагъэжи тезыгъэзэфэн илъэсу къыхущIэкIыну дохъуэхъу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Илъэсыщ1э Iэшры1

● Гъэщ1эгъуэнщ

Тепщэхэм я хъыбар

Псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр чэзууэ илъэс 12-м я тепщэу зэрыщытыр Iупщ1у къыхощыж къуэкIыпIэ махуэгъэпсым теухуа хъыбарым. Абы зэрыжиIэмкIэ, зэгурым Буддэ псэущхьэхэр иригъэблэгъат. Ауэ псэущхьэ поори кIуэфыртэкъым: дунейр щIыIэт, Буддэ деж унэсри папщIэ, псы куу уэзэрыскIын хуейт.

Псэущхьэхэр къызэрысым хуэдэу, чэзууэрэ, Буддэ деж щIыхьэрти, абы илъэс зырызкIэ пащтыхьыгъуэр къахуигуэшырт. Псом ящу къэсар Дзыгъуэращ, етIуанэу - Выращ, ещанэу - Къаплъэныращ. Вымрэ Къаплъэныымрэ ящу щIыхьэныр зэпаубыду зэрызэпщIэувам кIэлъыплъуэр, псэущхьэхэм еппланэу къэсар ящыгъуэкъым. Ар Джэдурамэ ТхьэкIумэкIыхьрами кьахуэщIакъым. Абы кьыхэкIыуи кьуэкIыпIэ кьэралхэм епплIанэ илъэсым жьантIэм дагъэтIысхьэр уб1эхуауэ щыткъым.

Адэкlэ етхуанэу бысымым деж кьэкIуар Благъуэращ, еханэу Блэрщ, ебланэу Шыр къэсащ. КьызэрагъэтэжьмкIэ, ещанэм и къэсигъуэр кьыщыблагъэм, пшагъуэщхъуэ кьытриуащэм, Мэлымрэ (Пымрэ) Бжэнымрэ ящу кьыIухьар яхуэзэкъэIакъым. Арати, а тIуми еянэ илъэсым тепщэгъуэр зэIэпахын хуей хъуащ.

Бгъуанэу чэзур кьызыIупысар Номинырщ. Епщ1анэу щIыхьар Адакъэрщ. Епщ1ыкIуанэу Хьэр еблэгъащ, ижьрейуэ Кхъуэпщ1ащэр кьыпныващ.

Мис апхуэдэ щIыкIэу илъэсхэм я «тхьэмадэу» щытыныр гуэша хъуауэ ягъэхьыбар.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс дызытехьэм, 2020 гъэм, и тепщэр Дзыгъуэрщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Фэ фщIэрэ?

Пётр Езанэм и унафэ

1699 гъэм дыгъэгъаэзэм и 20-м урысей пащтыхь Пётр Езанэм къыдигъэкIа унафэр куэдым гъэщIэгъуэн ящыхьэт. Абы къыкIилъхьащ илъэсым и пэщIэдзэу щIышылэм и 1-р ягъэувыну. Нэхъапэм илъэсыщIэр фокладэм 1-м щIыгъуэ щIэтIысхьэрэ гупытэмэрэ бгъэуну ди гуапэщ.

Пэжщ, илъэсыщIэ махуэшхуэм и дамыгъэр гъэпщкIуауэ зи унэм щызыгъэувэхэри щыIэт. Ауэ ар икъукIэ шынагъуэт, укъащIэмэ, лъэхъуэщым урадзэнут.

Къэралым хъыщыдэкI газет нэхъыщхьэхэм ящыщ зым илъэсыщIэ псейм зэранигъэ лъэпкъ къимышэу тхыгъэ щхьэхуэ кьытехуа нэужь, 1935 гъэм ар утыку «кьихьэжащ».

Уэс Гуащэ

1873 гъэ пщIондэ, Островский Александр «Уэс Гуащэ» пьесэр итхьухункIэ, илъэсыщIэ махуэщхэм епха таурыкъ лIыхъужьу дилар Уае Дадэм и закъуэщ. ЯпэщIыкIэ, Уэс Гуащэ хъыджэбз дахэр Уае Дадэм ипхъу щытащ, итIанэ и къуэрылъху хъуащ. Абыхэм я благъагъэр иджыпсту зыми кьыбжиIэфынукъым.

1927 гъэм щIэжьауэ 1937 гъэ пщIондэ, и щхьэусыгъуэри мыгурыIуэгъуэу, таурыкъ гуащэр кьагъэлъэгъуэну хуитакъым. 1950 гъэм Кремлым щагъэува къэралым и псей нэхъыщхьэм иращIэкI илъэсыщIэ махуэшхуэм и сценарийр зытхахэу Кассиль Леврэ Михалков Сергейрэ я фIыгъэкIэ Уэс Гуащэр цIыхухэм къахьхьэжащ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэ

1947 гъэ пщIондэ щIышылэм и 1-р Урысейм кьызэрыгуэкI лэжьагъуэ махуэу щыщытащ. А илъэсым щIышылэм и 23-м ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдигъэкIа унафэм тету махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ. Абы ипкъ иткIэ, 1948 гъэм и яп махуэм къэралым и цIыхухэм загъэпсэхуну хуитыныгъэ яIэу илъэсыщIэм техьащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Iутыж Борис и гущIагъщIэлъэхэр

Уэ сэ хъыкъухигъэщIащ. Сэ уэ сыкъыпхуигъэщIащ. Ар псоми я фIэщ щысщIыну утыку дэтхэнэми сыкъэнэсу сыхьэзырт. Ауэ хъыкъухуэгъэткъым. Сыкъыпхуэгъэткъым. Нобэми. Ныжьбэми.

***

Уэзрыгубзыгъэр псоми хьэкъ ящыщIыныр уэ къалэн пажэу мы гъащIэм ущиIэми ярейщ. Абы шэч гуэр кьытумыкьэжмэ, апхуэдизу щхьэ уригузавэрэ?

***

Уэзрыдахэр къэпщIэну ухуеймэ, си нэхэм къащIэплъэ.

***

Уэ уапхуэдэжьым. Уэзрымыапхуэдэр сощIэ. Ауэ ар зэрысщIэр си гум кьеэгъащIэркъым... Абы уэ уритхьэIухудщ. Урихурхьыджэбзщ. Дуней цIыхуу уэзрыщытыр кьищIэмэ, ункIыфIынкIэ хъунущ.

***

Сыт мы дунеижьым нэхъ лъапIэу тетыр? ГукъэкIыжхэр. Ахэращ ди махуэ нэхъ гугъу дыдэхэм дежи дэ дыкъэзымыбгынэр.

***

ЩIыхьыр псэпльхьу куэдыкIей зыхуэзэпещэ бзылъхугъэ тхьэIухудым ещхьщ: тIури а нэхъ зыхуэмыфащэ дыдэхэм щалэрыкъэ куэдрэ кьоохъу.

***

Дахагъэр дэнэкIи щикъухьащ. Ауэ ахэр, Тхьэм кьигъэщIу иуэзщIыжа псэ зиIэхэр мыхьэмэ, нэгъэущIхэм кьахуэщIыпнукъым.

***

ФIыуэ сыкъэпльагъуэр пэжмэ, уи гум сыщIыгъэпсэу. Мы дунейм нэгъэущI егъэзэпIэ щиIэкIыным лъагъунытгъэм.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытыгъдзащ. КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытыгъдзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.056
Заказ №1187